ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№105 (23.763) ● 2018 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 28, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Абхъаз Республикэм и Президент Хаджимбэ Раудрэ Осетие Ипщэ Республикэм и Президент Бибилов Анатолийрэ йохъуэхъу

«Урысейм Абхъаз Республикэмрэ Осетие Ипщэ Республикэмрэ щхьэхуиту къыззэрилъытэрэ илъэсипщI зэрырикъур шыщхьэуIум и 26-м Сыхъумрэ Цхинвалрэ щагъэлъапIэ. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ хэгъэгуитIыр дунейпсо хуитныгъэ зиIэ къэралыгъуэ зэрызэфIэувамкIэ.

БлэкIа илъэсхэм Урысей Федерацэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ республикэхэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр щекIуэкIащ социально-экономикэ зыужьныгъэм ехьэлIауэ, нэхъыщхьэращи, щIыналъэм мамырыгъэрэ зэпIэзэрытыныгъэрэ щызэфIокIуэ.

Абхъазыр, Осетие Ипщэр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр куэд щIауэ ныбжьэгъуГъэкIэ, зэдзэпIыкъуныгъэкIэ зэпхащ, экономикэ зэгурыIэныгъэхэр зэращIылIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым, Правительствэм, ди щIыналъэм щыпсоухэм, си щхьэм къабгъэдэкIыу сохъуэхъу Абхъаз Республикэм и Президент Хаджимбэ Раудрэ Осетие Ипщэ Республикэм и Президент Бибилов Анатолийрэ. ЕхъулIэныгъэрэ зыужьныгъэрэ, мамырыгъэрэ ефIэкIуэныгъэрэ ди къуэш лъэпкъхэм яIэну ди гуапэщ», - итщ хъуэхъу тхылъым.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий егъэджакIуэхэм я шыщхьэуIу зэхуэсым хэтхэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪЭЗАР

ПщIэ зыхуэтщI ди ныбжьэгъуэх!

Си гум къыбгъэдэкI сэлам фызох Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджэныгъэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я шыщхьэуIу зэхуэсым кьрихьэлIахэм. Хабзэ хъуауэ, ар йокIуэкI гъэ еджэгъуэщIэм и пэ къихуэу.

ЕгъэджакIуэ Iэщlагъэм лъабжьэ хузхъур творческэ Iуэху зехьэкIащ. Фэ вбгъэдэлъ Iэзагъым, жэуаплныгъэ зыхэфщIэу лэжьыгъэм фызэрыпэрытым, дуней еплъыкIэ кьулей зэрывIэм елъытащ къытщIэхъуэ щIэблэм я зэхэщIыкIым и кууагъыр, абыхэм лъапIэныгъэу къалъытэну Iуэхугъуэхэр зыхуэдэнур. Си фIэщ мэхъу: ди егъэджакIуэхэр яполъщ иджырей егъэджэныгъэм кьигъэув кьалэн нэхъыщхьэм - зи щхьэ хущытыж, жылагъуэм хэзагъэ, ди къэралым хуэфащэ цIыку къэгъэтэдджыным.

Зэманым къыфхуигъэув мардэхэм ящыщщ егъэджэныгъэм и фIагъыр хэгъэхъуэным хуэунэтIа Iуэху зехьэкIащIэхэмрэ методикэщIэхэмрэ къэфлъыхъуэныр. СызэригугъэмкIэ, нобэрей зэхуэсым къыщыфIэтыну Iуэхугъуэхэмрэ къыщыхэфлъхьэну жэрдэмыщIэхэмрэ сэбэн хъунущ республикэм и егъэджэныгъэ Iэнатlэм адэкIи зиужьныжьмкIэ. Дэ къыдбгъэдэкIыу фыкъыдогъэгугъэ: республикэм и унафэщIхэм дапэкIи тлъэкI тщIэнущ егъэджэныгъэ Iэнатlэм пэрытхэм я лэжьыгъэмрэ гъащIэмрэ егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ.

Ди егъэджакIуэхэм, еджакIуэхэмрэ студентхэмрэ, ди республикэм щыпсоу цIыху псоми си гум къыбгъэдэкIыу сыныводхъуэхъу къэбгъэда махуэшхуэхэмкIэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэмкIэ, ЩIэныгъэхэм я махуэмкIэ. Узыншагъэ, насып, зэIуэзэпэщыныгъэ фиIэну си гуапэщ.

Гъэмахуэ мазэхэм къриубыдэу Iэрч щIыналъэм и школакIуэ 250-м лэжьыгъэ зэмыIэужьыгъуэхэр кърахьэлIащ.

НЫБЖЬЫщIэХЭР я фэм дэхуэн лэжьыгъэкIэ щIыпIэ администрацэхэм кьыззрагъэпэщащ. ЦIыкIухэм Iэнатlэ езыт щIыналъэ центрым еджакIуэхэм я лэжьапщIэр и чэзум яIэрыхьэныжькIэ жэуап ихьащ. Апхуэдэ лъэныкъуитI зэгурыIуэныгъэм и фIыгъэкIэ Iуэхур хъарзынэу кьызэрагъэпэща хъуащ.

ЦЗН-м и лэжьакIуэхэм кьызэрыхагъэщамкIэ, школакIуэхэр нэхъыбэу пэрытащ губгъуэр, уэрамхэр гъэкъэбзэным пыщIа лэжьыгъэм. Абыхэм я фIыгъэкIэ къалэ, кьуажэ уэрамхэр, мэз лъапIэхэр, гъавэ щIапIэхэм екIуалIэ гъэгугъэр куэдкIэ нэхъ зэIуэзэпэщ, къабзэ хъуащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Тэрч щIыналъэ

Гъэмахуэр лэжьыгъэкIэ гъэнщIащ

● Дзэ Iуэхухэр

КъызэрымыкIуэ зыгъэсапIэ

УФ-м и КъуэхьапIэ дзэ округым и Хьэуа къарухэм я жьыхультэзехуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгылъэ щIыпIэхэм зыщагъасэ.

ГУП 15-у гуэша дзэлIхэр МИ-8 «гу щимэшхуэхэм» щIым траIэтыкIри, ди республикэм и къуэладжэ къуейщIейхэм щрагъэтIысыкI, кьыщыхута Iэгъуэблагъэр кьыззхапIныхь, дзэ Iэщlагъэм зыщыхуагъасэ, хутакIуэ, пэтIыс Iэмалхэр щызэрагъащIэ, зэгъуэуи зыкъыщIэтIыж. НаIуэ зэрыщытщи, уэгурызекIуэхэр, сыт и лъэныкъуэкIи я лэжьыгъэм хуэIэижьщ, жэщ-махуэ ямыIэу, щыуэфIи щыуэлбани, я Iэнатlэм псэемыблэжу бгъэдэтщ.

Дзэ авиацэм дежкIэ кьырылъ лъагапIэхэр кьызэрымыкIуэу зыгъэсапIэ гугъущ, апхуэдэ щIыпIэхэм дунейм и щытыкIэм щIэх-щIэхьыурэ зэрызыщахъуэжьым, лъэпощхьэпохэр зэрыщыкуэдым, жьым и къыкъуэукIэм, нэгъуэщIхэми, уапэмыплъауэ, зэрызыщызэблахъум кьыхэкIыу.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● КъБР-р зэрыгушхуэхэр

СурэтыщI цIэрыIуэхэр

Шемякин (Къардэн) Михаил

Пащты Герман

Бгъэжьнокъуэ Заурбэч

БжэIымых Хьид

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

2018 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм я Iэ тедзэгъуэр иухащ, ауэ дызыхуэкIуэ фокIадэ мазэм къыщыщIэдзауэ «Адыгэ псалъэм» кьытехуэ тхыгъэхэм фыкъеджэну фыхуеймэ, апхуэдэ Iэмал фиIэщ. Мы мазэм и 29 пщIондэ пощтхэм Iэ щыгъуэдзэмэ, ди газетыр ныфхуахьынущ фокIадэм къыщыщIэдзауэ.

Мазиплlым газетым и уасэр сом 376-рэ кIэлпейикIэ 32-рэщ.

Ди индексыр 51531

Мы махуэхэм

Шыщхьэуlум и 28, *гъубж*

♦1851 гъэм Санкт-Петербургрэ Москварэ зэпызыщIэ гъущI гъэуцуну мафIэгугъэ пIалъэ убыхуам тету щызекIуэныр зэтраублауэ щытащ.

♦1920 гъэм Урысейм цIыхуу щыпсэур зыхуэдизыр зрагъэщIэн папщIэ, совет къэралыгъуэщIэм и Правительствэм и унафэкIэ, ахэр япэу кьыхатхыкIауэ щытащ.

♦1924 гъэм Налшык къыщызэрагъэпэщащ Физкультурэмкlэ щIыналъэ совет.

♦1936 гъэм Японием къыщызэрагъэпэщащ «Тойота» автомобиль компаниер.

♦1941 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьиштащ Индыл (Волгэ) Iуфэм Iус нэмыцэхэр а щIыпIэм игъэIэпхъуэкIауэ Сыбрыым, Къэзахъстаным, Курыт Азием щэным теухуауэ. Нэмыцэхэм я совет автономием и цIыхухэм щэч хуащIат фашистхэм ядэIэпыкъу.

♦Нэмыцэ щIэныгъэлI, усакIуэ **Гёте Иоганн Вольфганг** къызэралъхурэ илъэс 269-рэ ирокъу.

♦Совет тхакIуэ-фантаст, зэдзэкIакIуэ **Стругацкий Аркадий** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКЪУ-м и профессор **Щокъуий Владимир** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Ивашов Владимир** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Артистэ, УФ-м и цIыхубэ артистэ **Гундаревэ Наталье** къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу.

♦ТхакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Мысэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ГъуэплъащIэ ТIэхьир** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 19 щыхъунущ.

Шыщхьэуlум и 29, *бэрэжьей*

♦Ядернэ Iэщlэхэр гъэунэхуныр мыдэным и дунейпсо махуэщ. Ар 2009 гъэм ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и 64-нэ сессием къыщащтащ Къэзахъстаным къыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткIэ.

♦Урысей МВД-м и къэралкIуэцI дзэхэм я гуп хэхахэм я махуэщ

♦1698 гъэм Пётр Езанэм унафэ ищIащ Урысей къэралым ис цIыхухэхэм я жьакIэхэр яупсыну, Европэм щыпсоухэм я щыгынхэм хуэдэ псоми щатIэгъэну.

♦1885 гъэм Германием щыщ Даймлер Готлиб япэ мотоциклым и патент къратащ.

♦1912 гъэм Москва къыщызэIуахащ «Бородино дзэ щекIуэкIа зауэр» панорамэр. 1812 гъэм екIуэкIа Хэку зауэр илъэсищэ щрикъум ирихьэлIэу ар ирагъэщIат урысей суэтыщI Рубо Франц.

♦1938 гъэм СССР-м и цIыхубэ комиссархэм я совет унафэ къыдигъэкIащ цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ заочнэу зрагъэгъуэтыну Iэмал етыным теухуауэ.

♦1949 гъэм СССР-м щыщ академик Курчатов Игорь и унафэм щIэту япэ совет атомнэ бомбэр Семипалатинск щагъэунэхуащ.

♦1990 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым «1920 - 1950 гъэхэм политикэ зэхэзехуэн ящIауэ щытахэр гъэзэхуэжьыным и IуэхукIэ» Указ къыдигъэкIащ.

♦1991 гъэм Къзахъстаным щызэхуащIыжащ Семипалатинск щыIа ядерэ полигоныр. ♦США-м щыщ узрэджьIакIуэ, къэфакIуэ, композитор **Джексон Майкл** къызэралъхурэ илъэс 60 ирокъу.

♦Урысей актрисэ цIэрыIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Александровэ** (и унэцIэ дыдэр Пупенинэщ) **Маринэ** и ныбжьыр илъэс 36-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬэКIэмыхъУ Маринэщ.**

Къэпкъ Iущыгъэ:

Ухагъэзыхьмэ, укъагъэфэнщ.

● Шыщхьэуlу зэIущIэхэр

Гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщIыпхъэ унэтIыныгъэхэр яубзыху

Тхьэмахуэ блэкIам дэнэкIи щекIуэкIащ шыщхьэуIу зэIущIэхэр. Республикэпсо пленарнэ зэхуэсышхуэм и пэ къихуэу ди щIыналъэм щызэхэтащ абы хьыхьэ район, къалэ Iэнатlэхэм къызэщIаубыдэ Iуэхущlапlэхэм я лэжьакIуэхэм я зэIущIэхэр.

Ахъуэхъу Таймураз зэIущIэр къызэIуех.

2018 - 2019 гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэ апхуэдэ зэхуэсхэм щыхэплъэжащ илъэс блэкIам яIа ехьулIэныгъэхэмрэ зыхунэмыса Iуэхугъуэхэмрэ, лъэхъэнэщIэм зэфIахыну лэжьыгъэхэр щагубзыхущ, мурадхэр къагъэнэхуащ.

Налшык дэт «Успех» еджапIэм мэрем кIуам къыщIэзгъэпэщащ къалащхьэм дэт еджапIэхэмрэ гъэсапIэхэмрэ я лэжьакIуэхэм я шыщхьэуIу зэхуэс. Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ щIыпIэ егъэджэныгъэ Iэнатlэм и лэжьакIуэ 200-м щIигъу. Апхуэдэу зэхуэсым и лэжьыгъэм кьрихьэлIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Мовсисян Грант, КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ Iуэхухэмкlэ и комитетым и пашэ Азьчэ Светланэ, КъБР-м щIыхьэр егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэ Шонтуковэ Иринэ, егъэджэныгъэмкIэ къалэ департаментым и унафэщI зэпкърыхауэ щигъэгъуэзащ къалащхьэм и егъэджапIэхэмрэ гъэсапIэхэмрэ гъэ еджэгъуэ блэкIам щыIэфIахэ Iуэхугъуэхэм, апхуэдэуи къытеувыIащ лъэхъэнэщIэм къапэщылъ къалэнхэмрэ зыхуагъэувыжа мурадхэмрэ. Кьыхэгъэщыпхъэщ, къалэм и еджапIэхэм ящыщ куэдым илъэс блэкIам ехьулIэныгъэфIхэр зэрызыIэрагъэхьар. Хэхъуащ ЕГЭ-мрэ ОГЭ-мкIэ балл лъагэхэр кьэзыхьа, щIыналъэпсо, кьэралпсо зэпеуэхэм щытекIуа ныбжьыщIэхэм я бжыгъэм. УзыщыгугфыкI хъуну Iуэхугъуэхэм ящыщыкI Налшык и школхэм я езанэ классхэм щIэтIысхьэ цIыкIухэм я бжыгъэр зэрынэхъыбэри. Нэгъабэрейм еплъытмэ, апхуэдэхэр цIыху 800-кIэ нэхъыбэщ. Апхуэдэу мыгувэу къалащхьэм кьыщызэIуахынущ ныбжьыщIэ 1224-рэ зыщеджэн курыт школыщIэрэ сабии 150-рэ зэкIуэлIэну гъэсапIощIэрэ.

Бэрокъуэм и докладым пащэу, ар кьызэрохразыу зэIущIэм кьыщыпсэльащ курыт школ №27-м и унафэщI Шэрий Мадинэ, гимназие №94-м и унафэщIым егъэджэныгъэгъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Тембот Эммэ, «ЕгъэджакIуэ-2018» урысейпсо зэпеуэм и щIыпIэ, щIыналъэ Iыхьэхэм щытекIуа Кочетов Игорь, сабий сад №56-м и унафэщI Тыгъэ Радмилэ, гъэсапIэхэм я ФГОС программэмэ и Iыхьэхэр зэхэзыгъэуэва Коренблит Станислав, нэгъуэщIхэри.

Егъэджэныгъэм зезыгъэужь Iэмалхэр

Купщlафlэт Бахъсэн къалэм щекIуэкIа шыщхьэуIу зэIущIэри. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и министр Хъубий Марат, КъБР-м щIыхьэр егъэджэныжьмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI Къуэдзокъуэ Азрэт, щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Къардэн ФатIимэ, егъэджэныгъэмкIэ къалэ департаментым и пашэ Борэн Маринэ, къалэм дэт школхэмрэ сабий садхэмрэ я унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр, нэхъыжьыфIхэр, нэгъуэщIхэри.

Зэхуэсыр кьыззэIуахащ ныбжьыщIэхэм махуэшхуэм хуагъэхьэзыра концерт дахэкIэ. Адэкlэ псалъэ кьхэщIта Къардэн ФатIимэ кьызэхуэсахэм ехъуэхъуащ гъэ еджэгъуэщIэр узыншэу, купщlафIэу ирахьэкIыну. Ар къахуеджащ къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьчим егъэджакIуэхэм кьахуигъэхьа зэрызыхуагъаззэм.

ЩIыпIэм и егъэджакIуэ Iэнатlэр илъэс блэкIам зэрылажьамрэ гъэ еджэгъуэщIэм кьыпэщылъ къалэнхэмрэ ятеухуат Борэн Маринэ и докладыр. «Егъэджэныгъэм зезыгъэужь Iэмалхэр» фIэщыгъэр зиIа а къэпсэлъэныгъэм унафэщым нэсу щызэпкърихащ 2017 - 2018 гъэ еджэгъуэм Iэнатlэм зригъэхъулIэфа хэмрэ зыхунэмысахэмрэ. Апхуэдэуи кьыхигъэблагъэ щыпсэлъ къалэнхэмрэ яIэ мурадхэмрэ. Унафэщым и докладым кьыщIагъуэ къэпсэлъащ школхэм, сабий садхэм я унафэщI зыбжанэ.

Зи лэжьыгъэкIэ къыхэжаныкIа егъэджакIуэфIхэмрэ гъэсакIуэ пэрытхэмрэ я щIэхэр кьрагъащ зэIущIэм и кIэухым. Абыхэм хуагъэфэща тхылъхэр, саугъэтхэр, дамыгъэ лъапIэхэр иратыжынущ. ГъэсакIуэм, ЕгъэджакIуэм я махуэшхуэхэм ирихьэлIэу.

Шыщхьэуlу зэхуэсхэм кьыщагъэта Iуэхугъуэхэм ятеухуа резолюцэхэр кьащтащ.

ЖЬЛАСЭ Маритэ.

● Футбол

«Краснодар-3» - «Спартак-Налшык» - 0:2

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ дыгъуэпшыхь Краснодар щызэхэта зэIущIэр апхуэдэу иухащ.

Ди щIалэхэм ящыщу топхэр дагъэкIащ Бажэ Амиррэ Мэшыкъуэ Хьэчимрэ.

«Краснодар-3»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» зэрызэпэщIэтамрэ зи чэзу джэгуГуэм иужькIэ турнир таблицэм игуэта тепIэмрэ ятеухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУИслъэм.



● Зэхуэсхэр

Ди зэныбжьэгъуГъэр ди тхыдэм къыщожьэ

Мы махуэхэм Налшык щекІуэкІащ «Ди лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъуГъэр ди тхыдэм къыщожьэ» дунейпсо гъэмахуэ школым и зэхуэс. Ар егъэкІуэкІыным илъэсищ льандэрэ мылъку халъхьэ «Русский мир» фондымрэ Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ.

ГЪЭМАХУЭ школым и лэжьыгъэм жыдзэру хэтащ КъБКъУ-м и проректорым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Хэжэр Артур, Тбилиси дэт къэрал университетым и профессор Квициани Джони, Брест къэрал университетым и филологие факультетым и деканым и къуэдзэ Ковальчук Ольгэ, Къзахъстан Илщэ къэрал педагогикэ университетым урысыбзэмрэ литературэмкІэ и кафедрэм и доцент Абдыханов Уалихъан, Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкІэ «Вече» зэгухэныгъэм и пашэ Канунников Анатолий, «Риони» куржы лъэпкъщэнхабзэ центрым и унафэщІ Лобжанидзе Анзор, КъБКъУ-м абитуриентхэр еджапІэ нэхъыщхьэм щІэтІысхьэным хэзгъэхьэзырынымкІэ и управленэм и пашэ Хъарашэ Аксанэ, «ДыгъафІэ къалэ» творчествэмкІэ сабий академием и «Шэху уэздыгъэ» литературэ студием и унафэщІ Таз ФатІимэ сымэ, нэгъуащхэри. Зэхуэсыр къыщыдзэІухым абыхэм ящыщ дэтхэнэри тепсэлъыхьащ ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм яку зэныбжьэгъуГъэ дэлъыныкІэ урысыбзэмрэ урыс щэнхабзэмрэ яІэ мыхьэнэм и инагъым.

Ди республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр, курыт школхэм я еджакІуэхэр, «Шэху уэздыгъэ» литературэ студием и гъэсэнхэр хэтащ зэІущІэм къриубыдэу къызэрагъэпэщащ щэнхабзэ Іэхэугъуэхэм, лекцэхэм, «ЩІалэгъуалэ проектхэмрэ программэхэмрэ пхыгъэкІынымкІэ дунейпсо Іэху зехьэкІэ пэрытхэр», «Ди лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъуГъэр ди тхыдэм къыщожьэ» зыфІащА «стІол хъурейхэм», «Урысыбзэм дызэкъуегъэувэ» лъэпкъ махуэшхэм. Апхуэдэу щІалэгъуалэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ ятхащ «Сыт сэ урысыбзэмрэ урыс щэнхабзэмрэ фІыуэ щІэсльагъур?» сочиненэр, къеджащ анэдэлъхубзэхэм ятеуХуа усэхэм.

Гъэмахуэ школым хэтахэр щыІащ Шэрэдж районым, абы щыІэ курыт школхэм щыхьэщІащ, Іуэху зехьэкІэ пэрытхэмкІэ зэдзэгуэшащ. Балъкъэр Ипщэ, Жэмтхъэлэ Ипщэ къуажэхэм дэт курыт школхэм щекІуэкІа зэІущІэхэм къыщеджащ дунейпсо зэхуэсым хэта ныбжьыщІэхэм ятха сочиненэ нэхъыфІхэм. Куэдым гунэс ящыхьащ «Шэху уэздыгъэ» литературэ студием и гъэсэн, илъэс 11 зи ныбжь Хьэткъут Азнаур и кьалэмыпэм къыпыкІа тхыгъэр. Абы итт: «...Урысыбзэр апхуэдизу дахэщ, къулейщ икІи къарууфІэщи, ар умыджыныр, фІыуэ умыльагъуныр пхузэфІэмыкІыным хуэдэщ. Абы ухуешэ дунейм щІэныгъэу тетым я къигъэхъуапІэм. ФІыщІэ ин яку зэощІ мы гъэмахуэ школыр зыкъыгъэзыгъэщахэм, псом хуэмыдэу КъБКъУ-м. Иджыпсту мы зэхуэсым школакІуэу сыхэту арами, зэман дэкІмэ, сэ согугъэ ди университетым и филологие къудамэм и студент сыхьуну».

Дунейпсо зэхуэсым щекІуэкІа лэжьыгъэ псори къызэщІикъуэжу, абы къыщыпсэлъащ БКъКъУ-м урысыбзэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ, гъэмахуэ школым и къызэгъэпэщакІуэ икІи и унафэщІ Башиевэ Светланэ. Абы зэрыжиІамкІэ, зэхуэсым хэта псоми лэжьыгъэ купщІафІэ кърахьэлІащ, абы мыхьэнэшхуэ иІэщ лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкІэр нэхъри егъэфІэкІуэнымкІэ, гъэбыдэныкІэ. ЩІалэгъуалэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ даІыгъащ абы и псалъэхэр икІи школым и лэжьыгъэм дяпэкІи жыджэру зэрыхэтынур жаІащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Урысей Федерацэм референдум щегъэкІуэкІынымкІэ жэрдэмщІакІуэ гупым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ гуп къуэдзэр тхыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2018 гъэм шыщхьэуІум и 23-м ***Налшык къалэ*** ***№49/1-6***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм 2018 гъэм шыщхьэуІум и 16-м къыІэрыкьащ Урысей Федерацэм референдум щегъэкІуэкІынымкІэ жэрдэмщІакІуэ гупым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ гуп къуэдзэр тхыным теухуа лъэІумрэ абы щІыгъу документхэмрэ. ЩІыналъэ гуп къуэдзэм и спискэм иратхащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэр зи псэупІэу щыт икІи референдумым хэт цІыхуи 105-рэ.

Къагъэхьа документхэр къыщапщытэм наІуэ къащІащ ахэр «Урысей Федерацэм и референдумым и Іуэхукіэ» Федеральнэ конституцэ законым къигъэувэхэм зэрезэгъыр.

«Урысей Федерацэм пенсэхэр зэрыщатым теухуа законодательствэм щыхьэжьыгъэкІэ пенсэм кІуэн папщІэ хуитыныгъэ кьезыт, 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу щыгъэува ныбжьыр нэхъыбэ ящІ зэрымыхъунур дэфІыгъэр?» жиІэу Урысей Федерацэм и референдумым къыщыхаІыхьэн папщІэ яубзыхуа упщІэр. Урысей Федерацэм и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм 2018 гъэм шыщхьэуІум и 8-м кьыдигъэкІа унафэ №174/1411-7-мкІэ къилъытащ «Урысей Федерацэм и референдумым и Іуэхукіэ» Федеральнэ конституцэ законым и 6-нэ статьям къигъэувэжэ езэгъыу.

А псоми япкъ итКІэ, «Урысей Федерацэм и референдумым и Іуэхукіэ» Федеральнэ конституцэ законым и 15-нэ статьям и 14-нэ Іыхьэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. «Урысей Федерацэм пенсэхэр зэрыщатым теухуа законодательствэм щыхьэжьыгъэкІэ пенсэм кІуэн папщІэ хуитыныгъэ кьезыт, 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу щыгъэува ныбжьыр нэхъыбэ ящІ зэрымыхъунур дэфІыгъэр?» жыхуиІэ Іуэхум теухуауэ Урысей Федерацэм и референдум егъэкІуэкІынымкІэ жэрдэмщІакІуэ гупым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ гуп къуэдзэр тхын, цІыхуи 105-рэ хъуурэ (унафэм щІыгъуц).

2. Мы унафэр Урысей Федерацэм и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм хуегъэжьи икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм «Интернет» хьэкІэрагъашІэ-коммуникацэ сетым щІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ — ДЖЭШ Вячеслав

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэ — ДЖАППУЕВ Мусэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм 2018 гъэм шыщхьэуІум и 23-м къищта унафэ №49/1-6-м и гуэдзэн

Урысей Федерацэм референдум щегъэкІуэкІынымкІэ жэрдэмщІакІуэ гупым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ гуп къуэдзэм хэтхэмрэ уполномоченнэ лІыкІуэхэмрэ

1. Уэлджыр Агнессэ Измудин и пхъур
2. Ало Белинэ Артур и пхъур
3. Анахаев Тимур Маськмут и къуэр
4. Анахаевэ Аидэ Борис и пхъур
5. Апхуд Тимур МуІэед и къуэр
6. Атэлыкъ Алмирэ Уэзыр и пхъур
7. Атлъэсчыр Маргаритэ Хьэжбий и пхъур
8. Афэщ Іагъуэ Маритэ Мухьэмэд и пхъур
9. БакІуу Жэмал Хьажуэсмэн и къуэр
10. Балъкъыз Афрасин Башир и къуэр
11. Батчаев Хьусейн Борис и къуэр
12. Бауаевэ Аминат Белака и пхъур
13. Бекиев Борис Хьэмид и къуэр
14. Бер Людмилэ Хьэбыж и пхъур
15. Бештокъуэ Аслъэн Хьэбил и къуэр

(уполномоченнэ лІыкІуэщІ)

16. Биттировэ Нелли Зейтун и пхъур
17. Борэн Заур Хьэчим и къуэр
18. Гелястановэ Людмилэ Оюс и пхъур
19. Джэршыш Беллэ ТІэхьир и пхъур
20. Джатэжьей Ириндэ Батырбий и пхъур
21. Глашевэ Тамзиля Малкъэрбий и пхъур
22. Голиков Юлий Владимир и пхъур
23. Гринченкэ Галинэ Анатолий и пхъур

(уполномоченнэ лІыкІуэщІ)

24. Гуэбэшы Борис Хьэсэнбий и къуэр
25. Гуэбэшы Людмилэ Барэсбий и пхъур
26. Гукасьян Валерий Вазген и къуэр
27. Гуртуевэ Сайхьэт Владимир и пхъур
28. Гуторовэ Каринэ Иван и пхъур
29. Дыщэкі Олег Владимир и къуэр
30. Дыщэкі Албэч Александр и къуэр
31. Дыщэкі Марьянэ Валерий и пхъур
32. Елокъуэ Къазбэч Пэкъуихэн и къуэр
33. Жабеловэ Гюльнарэ Ако и пхъур
34. ЗекІуэрей Марьянэ Хьэбил и пхъур
35. Зелинэ Викторие Виктор и пхъур
36. Ингуш Валерий Хьэжпагуэ и къуэр
37. Къэгъэзэж Замирэ Мухьэмэд и пхъур
38. Къаздэхъу Зое Сэрэбий и пхъур
39. Къазий Анзор Алик и къуэр
40. Къалбатэ Аннэ Жэмалдин и пхъур
41. Къандрокъуэ Еленэ Мухьэдин и пхъур
42. Къуэныхь Алим Натбий и къуэр
43. Касимов Кямал Аслъэн и къуэр
44. Кетенчиев Муссэ Бахьэутдин и къуэр

(уполномоченнэ лІыкІуэщІ)

45. Кугъуэтыжь Каринэ СулътІан и пхъур
46. Къужей Татьянэ Пётр и пхъур
47. Коноплёвэ Аннэ Николай и пхъур
48. Кочетовэ Еленэ Иван и пхъур
49. Криворучкэ Владимир Илья и къуэр
50. Гугъуэт Асият Артур и пхъур
51. Кужонов Александр Исхьэкъ и къуэр
52. Кумыщ Андемыркъан МуІэед и къуэр
53. Къунащ Тимур Борис и къуэр
54. Къурмэн Динэ Барэсбий и пхъур
55. Литвинов Роман Анатолий и къуэр
56. Магреловэ Татьянэ Алий и пхъур
57. Мэзло Руслан БетІал и къуэр
58. Мэкъушэ Руслан Аулэдин и къуэр
59. Мамбэт Аслъэн Мухьэмэд и къуэр
60. Мамбэт Еленэ Николай и пхъур
61. Мамрэш Аслъэн Мухьэмэд и къуэр
62. Михиев Максим Александр и къуэр
63. Мыкъуэ Исуф Іэуес и къуэр
64. Мыкъуэжь Алихьан Михаил и къуэр
65. Нэгъуей Венерэ Юрий и пхъур
66. Насып Альбинэ Іэбисал и пхъур
67. Негрей Николай Владимир и къуэр
68. Ниязов Бекзадэ Такзадей и къуэр
69. Ныр Люся Сэлэдулэхь и пхъур
70. Уэзырмэдж Тимур Мухьэрбий и къуэр
71. Осадчий Людмилэ Василий и пхъур
72. Іухъу Аллэ Артур и пхъур
73. ПщІыкІ Залым Валерий и къуэр
74. Рыжковэ Октябринэ Пётр и пхъур
75. Рыкуш Евгение Александр и пхъур
76. Сасыкъ Анатолий Сергей и къуэр
77. Сопинэ Нинэ Николай и пхъур
78. Соттаев Артур Борис и къуэр
79. Степановэ Любовь Александр и пхъур
80. Сунш Заудин Шэмсэдин и къуэр
81. Тагузлоев Аслъэн Хьэжысмел и къуэр
82. Теммоевэ Шахидат Ибрэхьим и пхъур
83. Теммоевэ Залинэ Шарапий и пхъур
84. Теунэ Алик Борис и къуэр
85. Токъуий Эльмирэ Мухьэмэд и пхъур
86. Трепалин Пётр Александр и къуэр
87. Турчина Ольгэ Виктор и пхъур
88. Тхьэгъэпсо Светланэ Таукъан и пхъур
89. Уэеев Мурат Таусолтан и къуэр
90. Ульбашевэ Жанэ Мурат и пхъур
91. Хьэжкъуэ Наталье Владимир и пхъур
92. Хьэжы Лерэ Мухьэдин и пхъур
93. Хьэжы Маринэ Аслъэнбий и пхъур
94. Хадонов Радмир Роберт и къуэр
95. Хьэмгуэкъуэ Фаризэт Мухьэмэд и пхъур
96. Чапаев ТІэхьир Магомет и къуэр
97. Шэрджэс Мадинэ ТІахир и пхъур
98. Чернухинэ Татьянэ Виктор и пхъур
99. Шэшэн Марьянэ Хьэмид и пхъур
100. Щыхьмырзэ Мухьэмэд Музэчыр и къуэр
101. Ширдий Валерий Хьэмидбий и къуэр
102. Шигабутдиновэ Любовь Рамил и пхъур
103. Щоджэн Жаннэ Хьусейн и пхъур
104. Шорэ Эммэ Борис и пхъур
105. Шурдым Маринэ Хьэжмуса и пхъур

● Темыркъан Юрий и илъэс

Кинорежиссёр цІэрыІуэ Сокуров Александрэ Темыркъан Юрийрэ.

УасэмкІэ фымыарэзымэ...

2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхэхъуащ газым, псым, хуабэм я уасэхэм.

ЩЫхэтечу жыпІэмэ, ди республикэм уасэхэм зыщаІэтащ:

- псы пщтырым хуэзэм процентыр 3,2-кІэ икІи зы кубометрым сом 99,54-рэ ехь(сом 96,44-уэ щытащ);
- псы щІыІэм - проценти 7,5-кІэ икІи зы кубометрым сом 14,66-рэ хуозэ (сом 13,63-уэ щытащ);
- хуабэм - проценти 2,5-кІэ икІи зы Гкалым сом 1806,01-рэ хуозэ (сом 1762,01-уэ щытащ);
- газым - проценти 3,4-кІэ икІи зы кубометрым соми 5-рэ кІэпІейкІэ 62-рэ хуозэ (соми 5-рэ кІэпІейкІэ 44,7-уэ щытащ);
- электрокъарум:
- къалэдэсхэм папщІэ проценти 3-кІэ икІи зы киловатт-сыхьэтым соми 3,69-рэ хуозэ (соми 3,58-уэ щытащ);

электрохьэкуэр къыщагъэсэбэп унэхэмрэ къуажэдэсхэмрэ папщІэ: проценти 2-кІэ икІи зы киловатт-сыхьэтым соми 2,58-рэ хуозэ (соми 2,51-рэ хъуу щытащ).

«ЖКХ-р жылагъуэ кІэлъыплъыныгъэм щІэгъэтынымкІэ щыналъэ центр зэгухьэныгъэу КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и деж щыІэм къеплъыту псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьабзэхэм я уасэхэм щыпІэщыплІэхэм зэрыщыхагъэхъуа щыкІэр.

Мурадыр зыхуэгъэзар уасэхэр яГъэува мардэхэм щхьэдагъэхамэ къэхутэныгъ.

КъБР-м щыпсэухэр а Іуэхум хэтыфынущ. Апхуэдэ Іэмал яІэн папщІэ щыналъэ центрым щыщІэныгъэ зыІуэ щегъэжьауэ щолажьэ мы Іуэхум егъэщыпІа «линие пщытыр».

Газым, электрокъарум, псым, хуабэм я уасэхэм щыхагъахъуэм зэрырагъэлеям хуэгъэза тхьэусыхафэхэр махуэ къэс сыхьэти 9-м къыщыщІэдзауэ 18-м нэсыху «линие пщытырым» и 8(8862)77-38-80 телефонымкІэ Іэрагъэхьэ е тхыгъэкІэ ирагъэхь хъунущ мы хэщІапІэм: КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрэм, 57-нэ унэ, ещанэ къат, КъБР-м и Жылагъуэ палатэ, ЖКХ-р жылагъуэ кІэлъыплъыныгъэм щІэгъэтынымкІэ щыналъэ центрым и унафэщІ Мэзло Р. Б. и деж.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и лэжьакІуэхэмрэ хуогузавэ Парламентым и лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкІэ управленэм и консультант **Хуболовэ Мадинэ Адрэхьман и пхъум**, абы и адэ **Хуболов Адрэхьман Тамыкъуэ и къуэр** зэрыпІам кьыхэкІыу.

Курыт еджапІэхэмрэ еджакІуэхэмрэ гу зылъатапхъэ

«Эльбрус» тхылъ тедзапІэм адыгэбзэмкІэ къыдигъэкІа зэреджэн тхылъхэр пуду кьыщыфхуэщэхунущ тхылъ тедзапІэм и гъэтІылъыпІэм.

Тхылъыр	И уасэр (сом)
Азбукэ	90
Зэрылажьэ Іэрытх. ЯпэІыхьэ.	60
Зэрылажьэ Іэрытх. ЕтІуанэ Іыхьэ.	60
Адыгэбзэ. 2-нэ класс.	60
Адыгэбзэ тхылъым зэрелэжьын тетрадь. 2-нэ класс.	70
Анэдэлъхубзэ. 2-нэ класс	90
Анэдэлъхубзэм зэрелэжьын тетрадь. 2-нэ класс.	70
Адыгэбзэ. 3-нэ класс.	90
Адыгэбзэ тхылъым зэрелэжьын тетрадь. 3-нэ класс.	60
Анэдэлъхубзэ. 3-нэ класс.	90
Анэдэлъхубзэм зэрелэжьын тетрадь. 3-нэ класс.	60
Адыгэбзэ. 4-нэ класс.	90
Адыгэбзэ тхылъым зэрелэжьын тетрадь. 4-нэ класс.	60
Анэдэлъхубзэ. 4-нэ класс.	90
Анэдэлъхубзэм зэрелэжьын тетрадь. 4-нэ класс.	60
Адыгэбзэ. 5-нэ класс.	90
Адыгэбзэ тхылъым зэрелэжьын тетрадь. 5-нэ класс	70
Адыгэ литературэ. 5-нэ класс.	90
Адыгэ литературэм зэрелэжьын тетрадь. 5-нэ класс.	60
Адыгэбзэ. 6-нэ класс.	90
Адыгэбзэ тхылъым зэрелэжьын тетрадь. 6-нэ класс.	70
Адыгэ литературэ. 6-нэ класс.	60
Адыгэбзэ. 7-нэ класс.	60
Адыгэбзэ тхылъым зэрелэжьын тетрадь. 7-нэ класс.	60
Адыгэ литературэ. 7-нэ класс.	90
Адыгэ литературэм зэрелэжьын тетрадь. 7-нэ класс.	60
Адыгэбзэ. 8-нэ класс.	60
Адыгэбзэ тхылъым зэрелэжьын тетрадь. 8-нэ класс.	60
Адыгэбзэ литературэ. 8-нэ класс.	60
Адыгэ литературэм зэрелэжьын тетрадь.8-нэ класс.	60
Адыгэбзэ. 9-нэ класс.	90
Адыгэ литературэ. 9-нэ класс.	90
Адыгэ литературэмкІэ хрестоматие. 9-нэ класс.	100
Адыгэ литературэм зэрелэжьын тетрадь. 9-нэ класс.	60
Адыгэ литературэ. 10-нэ класс.	90
Адыгэ литературэмкІэ хрестоматие. 10-нэ класс.	100
Адыгэ литературэм зэрелэжьын тетрадь. 10-нэ класс.	55
АдыгэбзэмкІэ методическэ пособие. 11-нэ класс.	60
Адыгэ литературэмкІэ хрестоматие. 11-нэ класс.	100
Адыгэ литературэм зэрелэжьын тетрадь. 11-нэ класс.	55
Азбукэр зэрегъэджьыпхъэр.	60
Адыгэбзэр зэрегъэджьыпхъэр. 2-нэ класс.	60
Анэдэлъхубзэр зэрегъэджьыпхъэр. 2-нэ класс.	60
Адыгэбзэр зэрегъэджьыпхъэр. 3-нэ класс.	60
Анэдэлъхубзэр зэрегъэджьыпхъэр. 3-нэ класс.	60
Адыгэбзэр зэрегъэджьыпхъэр. 4-нэ класс.	60
Анэдэлъхубзэр зэрегъэджьыпхъэр. 4-нэ класс.	60
Адыгэ литературэмкІэ урокхэр 9-нэ классым зэрыщегъэджьыпхъэр.	70
Адыгэ литературэмкІэ урокхэр 10-нэ классым зэрыщегъэджьыпхъэр	70

Тхылъ тедзапІэм и хэщІапІэр: Налшык къалэ, адмирал Головко и цІэр зезыхьэ уэрам,6. ЗыкъызэрытыфщІэнур: 42-68-70

И чэзум доІэпыкъу

«Кавказ» федеральнэ гъэзэгум, Налшык лъэныкъуэмкІэ икІыу Пятигорск къалэмкІэ я автомашинэм ису кІуэрт Москва щыщ цІыхухъуит. Шоферым бгъурысыр зэуэ къызэІыхьащ.

МАШИНЭР къыщыувыІащ Къубэ-Тэбэ къуажэм пэмыжыжьэу къалэныр щезыхьэкІ плъэр экипажым деж. Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и ГИБДД-м и гуп хэкам и ДПС-м и инспекторхэу полицэм и лейтенант нэхъыжь Сыжажэ Албэчэр полицэм и лейтенант Щоджэнцыкіу Исльамрэт абыхэм зызыхуагъэзэри, автомашинэм гъэзгур хуит хуащІурэ псынщІэу нагъэсащ къуажэм и медицинэ Іуэхущапіэм.

Дохутырыр кьеплъа, хущхъуэ кьригъэфа нэужь цІыхухэр нэхъыфІ хъуащ. Абырэ и гъусамрэ полицейхэмрэ медицинэ лэжьакІуэхэмрэ фІыщІэ кьыхуащІри, я гъузгу техьэжащ.

БАХЪСЭН Ланэ.

● ФІыщІэ

● ПэкІуэхэр

Ягу ихужынукъым

НаІуэу зэрыщытщи, Курск зэхэуэгъуэхэр махуэ 50-кІэ екІуэкІащ - 1943 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м щІидзэри, шыщхьэуІум и 23-м нэсыху.

АБЫ гъэунэхуплІэ ихуа ди къэралым и дежкІэ иІа мыхьэнэр псоми ящІэ. Бахъсэн къалэм и Мыужьыс мафІэм деж а махуэм теухуауэ иджыблагъэ щекІуэкІа зэхьэхьэм хэтащ нэхъыжьхэр, щІыпІэ администрацэм и лэжьакІуэхэр, егъэджакІуэхэр, школакІуэхэр, журналистхэр.

ПэкІуэ къызэІуихащ Бахъсэн къалэм и Ветеранхэм я советым и унафэщІ Абазэ Хьусен. Абы къызэхуэсахэм ягу къиГэкІыжащ Курск и деж щекІуэкІа зауэшхэм и тхыдэр. Апхуэдэу зэІущІэм къыщыпсэлъащ тхыдэмкІэ егъэджакІуэ, «ЩІыхь» музейр зыгъэлажьэ Лысенкэ Еленэ. Къызэхуэсахэр дакъикъэкІэ щыму яхуэщІыгъуащ а зэхуэсым хэкІуэда зауэлІхэм. Иужькіэ Мыужьыс мафІэм и гъунэгъуэу удз гъэгъахэр ягъэтІылъащ.

БАЛЪКЪЫЗ Іэминэ.

● Хъуэхъу

Аушыджэр къуажэм щыщ, КъБР-м промышленность псынщІэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Слъон Лэдин Жэмалдин и къэр къыщалъхуа махуэщ, и ныбжьыр илъэс 70 ирокъури, дохъуэхъу

ЗЫПЭТЩІ щымыІэу фІыуэ тлъагъу, дыззрыгушхуэ ди нэхъыжьыфІым, адэу щыІэм я нэхъ Іэфым, адэшхэу я гу щабэм, жьыми щІэми ди чэнджэщэгъым, ущиякІуэм уи махуэшхуэмкІэ дынохъуэхъу!

Ви узынщагъэр быдэу, уи гукъыдэжьир ину, гуфІэгъуэр уи жьэгу имыкІыу, уи бынэмрэ абыхэм къатепщыкІыжахэмрэ я ехъулІэныгъэм, насыпым уи лъэр нэхъри жан ищІри жьыгъэр къыпщІэмыхьэу Тхъэм куэдрэ утхуигъэпсэу.

Уи щхьэгъусэ Светланэ, уи бынхэу Аулэдин, Мадинэ, Азэмэт, уи малъхъэ Марат, уи нысэ Оксанэ, къуэрылъхуэху Имир, Иннэ, Данэ, Сэлим, Элинэ, благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ.

УасэмкІэ фымыарэзымэ...

2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхэхъуащ газым, псым, хуабэм я уасэхэм.

ЩЫхэтечу жыпІэмэ, ди республикэм уасэхэм зыщаІэтащ:

- псы пщтырым хуэзэм процентыр 3,2-кІэ икІи зы кубометрым сом 99,54-рэ ехь(сом 96,44-уэ щытащ);
- псы щІыІэм - проценти 7,5-кІэ икІи зы кубометрым сом 14,66-рэ хуозэ (сом 13,63-уэ щытащ);
- хуабэм - проценти 2,5-кІэ икІи зы Гкалым сом 1806,01-рэ хуозэ (сом 1762,01-уэ щытащ);
- газым - проценти 3,4-кІэ икІи зы кубометрым соми 5-рэ кІэпІейкІэ 62-рэ хуозэ (соми 5-рэ кІэпІейкІэ 44,7-уэ щытащ);
- электрокъарум:
- къалэдэсхэм папщІэ проценти 3-кІэ икІи зы киловатт-сыхьэтым соми 3,69-рэ хуозэ (соми 3,58-уэ щытащ);

электрохьэкуэр къыщагъэсэбэп унэхэмрэ къуажэдэсхэмрэ папщІэ: проценти 2-кІэ икІи зы киловатт-сыхьэтым соми 2,58-рэ хуозэ (соми 2,51-рэ хъуу щытащ).

«ЖКХ-р жылагъуэ кІэлъыплъыныгъэм щІэгъэтынымкІэ щыналъэ центрым и унафэщІ Мэзло Р. Б. и деж.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и лэжьакІуэхэмрэ хуогузавэ Парламентым и лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкІэ управленэм и консультант **Хуболовэ Мадинэ Адрэхьман и пхъум**, абы и адэ **Хуболов Адрэхьман Тамыкъуэ и къуэр** зэрыпІам кьыхэкІыу.

Ислъамым и нур

Зыгъэхьэзырыр
ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ.

Гъэр и кІэм ноблагъэ

● Уаз

Сэджытым ехьэлІа Іуэхугъуэхэр

Муслъымэн махуэрыбжэмкІэ гъэр и кІэм зэрынэблэгъам ипкъ иткІэ, фигу къыдогъэкІыж зи мылъкум сэджыт хэзымытыкІахэм а къалэныр зэрагъэзэщІапхъэр. Сэджытыр Алыхьым къалэн къытщищІа Іуэхугъуитхум ящыщщ.

Сытк1э зэщхьэщидзрэ сэджытымрэ сэдэкъэмрэ?

Сэдэкъэр цІыхум хэлъ гущІэгъуи къыбгъэдэкІыу иту аращ. Ар суннэтщ, зылэжьым и псапэр кІуэдынукъым. Сэдэкъэр дапщэщ ятми хъунущ. Ар мылъкур зейр зэрыхуэят щыкІэм тету игъэзащІэу аращ. Ауэ имылэжьми, абы и зэран къэкІыну щыткъым цІыхум.

Сэджытым и Іуэхур щхьэхуэщ. Ар дымыгъэззэщІенкІэ Іэмэал зимыІэ Іуэхугъуэу Алыхьым ди пщэ къыдилъхьащ. Сэджытыр илъэс къэс зэ мылъкум хэтыкІин хуейщ. Зи мылъкум сэджыт хэзымытыкІхэм ар зэрапшыныжынри, а къалэныр Тхьэм папщІэ зыгъэзащІэхэр Алыхьым зэригъэгУфІэнри КъурІэным къыщыкІуащ.

«Нэмэзыр фщІы. Фи мылъкум сэджытыр хэфтыкІ» - щыжиІэ зы Іэятым. Нэгъуэщ Іэятым къыщокІуэ: «Уа, Іиман къэзыкъахэ! Дэ фэтта мылъкум сэджытыр хэвгъэкІ, благъи, ныбжьэгъуи, къыфщхьэщыжыни щывмыгъуэтыжыну махуэр (Кьемэт махуэращ зи гугъу ищІыр) къэмыс щыкІэ!» Сэджытым ехьэлІауэ КъурІэн лъапІэм къыщыкІуащ Іэят 30-м щІигъу.

Хэт сэджытыр зэтыпхъэр

Алыхьым КъурІэн лъапІэмкІэ игъэнэІуащ сэджытыр зэтыпхъэкъэ. Сэджытыр етын хуейщ: тхьэмыщкІэкъэм, хуэныкъуэхэм, сэджытыр къыхэхъныжымрэ ар зыхуэфащэхэм яІэрыгъэхьэжыныжрэ телажьэхэм, нэгъуэщІ диным къикІыу,ислъам диным къихьахэм (абыхэм я Іиманыр иджыри иримыкъупаэ щытмэ, абыхэм сэджытыр етыпхъэщ, ягури фІы яхуэщІыпхъэщ), щыхуэ зытелъхэм (ар Алыхьым игъэхьэрэма Іуэхугъуэ щхьэкІ къамыщтамэ), къащэхужу щхьэхуит къащІыжа пщылІэкъм, щыпІэ жыжьэ щыІэхэм, ар езым и щІыпІэм щыкъупеймИ щыкъулейсызми, абы емылъытауэ (ауэ ар Тхьэм и гъэугъм тету щытмэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, Тхьэм хуэжьІэщІэмэ).

Сэджытыр тІууэ егуэш: нэщІикІыж сэджытымрэ мылъкум хэгъэкІыпхъэ сэджытымрэ.

Нэщікіыж сэджытыр - нэщІым хэтщІыхьа щыуагъэхэр къызэрытхуэгъуращ. Ар хагъэкІ дыщэм, дыжьынымк, ахъшэм, Іэщым, гъавэм.

Дыщэу грамм 85-рэ, дыжьыну грамм 595-рэ зыбгъэдэлъым абы щыщу проценти 2,5-р сэджыту итыпхъэщ. Гъавэ Іуахыжар (гуэдз, хьэ, сэхуран, н.къ.) литр 900-м щегъэжьауэ ищхьэкІэ кІуэмэ, абы сэджыт хэтыкІыпхъэщ. Ауэ мыбы гу лъытапхъэщ: Гъавэр уэшхкІэ къэхъуамэ, абы щыгъуэм деж сэджыту хагъэкІыр гъавэ Іуахыжам щыщу Іыхьэ 1/10-раш; псы щІакІэурэ къагъэхъуамэ - Іыхьэ 1/20-р; языныкъуэр уэшхкІэ, адрейр псы щІагъэльадэурэ къагъэхъуамэ, абы щыгъуэм и деж 1/15-р сэджыту хокІ.

Іэщышхуэхэмрэ мэл-бжэнхэмрэ сэджыту хэтыкІыпхъэр

Іэщышхуэу 30-м щегъэжьауэ 39-м нэс зиІэм зы илъэс ирикъуа зы танэ сэджыту кІыпхъэщ.

40 - 59-рэ зиІэм - илъэситІ и ныбжьу зы танэбз;

60 - 69-рэ зиІэм - илъэс зырыз я ныбжьу танитІ;

70 - 79-рэ зиІэм - илъэс и ныбжьу зы танэхъурэ илъэситІ и ныбжьу зы танэбзрэ;

90 - 99-рэ зиІэм - илъэсищ и ныбжьу зы танэ;

100 - 109-рэ зиІэм - илъэситІ хъуауэ зы танэрэ зы илъэс хъуауэ танитІрэ;

110 - 119-рэ зиІэм - илъэситІ хъуауэ зы танэбзрэ зы илъэс хъуауэ зы танэбзрэ сэджыту ятыпхъэщ.

Мэлым хагъэкІыр:

40 - 121-рэ зиІэм - зы илъэс хъуауэ зы мэл;

121 - 200 зиІэм - мэлитІ;

201 - 440-рэ зиІэм - мэлищ хитыкІыпхъэщ.

КьищынэмыщІауэ, унэкІэ, щыкІэ е хьэпшыпІ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ хьэрычэт зыщІэхэми, илъэсым и кІэм сэджытыр ятыпхъэщ. И мылъкур зэхилъхьэрэ дыщэу грамм 85-рэ къыщІэкІынумэ, абы щыщу проценти 2,5-р итыпхъэщ.

Апхуэдэ щыкІэм тету сэджытыр мылъкум хэгъэкІыпхъэщ. Иджыпсту дызэрыт зуль-хьиджа мазэр икІмэ, илъэсыщІэм (мухьэрэм мазэращ) дыхохьэри, абы и пэ къихуэу сэджытыр тын хуейщ.

Алыхьым и арэзыщІынытгъэм телэжьами

Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) и зэманым псэуащ Абу Хьэкъыд зи цІэ лІы гуэр. Ар Алыхьым и арэзыщІынытгъэм телажьэ зэпытт, жэщми махуэми нэмэз ищІырт, нэщІ Іыгъынкіи, сэджытыр тынкІи пщІэ къытенэртэкъым. Апхуэдизу Алыхьым хуэпщылІа Абу Хьэкъыд и псэм еджэу щытелъым, цІыхур щылІэм деж жиІэн хуей шэхьадэр жиІэфыртэкъым, нэгъуэщІу жьпІэмэ, «Лаилахьэ Іиллэлахь, Мухьэмэд рэсулулахь» псалъэхэр къипсэльыфыртэкъым.

Апхуэдэу щыхъуи, абы и цІыхьэгъуэр гузавэри, ЛІыкІуэ лъапІэм (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) и деж кІуаш, Іуэхур зыІутыр хуиІуэтащ. ЛІыкІуэм и асхьабхэм ящыщ лІым и деж игъэкІуащ, дигъэІэпыкъун мурадкІэ. Арщхьэкіэ, абыхэми ар ялъэкІакъым. Абу Хьэкъыд и псэр хэкІыгъуэй хъуат, и бгъэр зыгуэрым иІыгъым хуэдэт. Асхьабхэр ЛІыкІуэм (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) и деж ягъэззэжу Іуэхур зыІутыр щыжраІэм, Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуар) щІэупщІащ: - «Анэ иІэ абы?» «ИІэщ», - щыжаІэм: «АтІэ, лъэкІынумэ, ар къыскуэфшэ, лъэмыкІынумэ, сэ езыр сыхуэкІуэнщ», - жиІащ ЛІыкІуэ лъапІэм (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам).

Фызыжьыр къыщашэм, ЛІыкІуэ лъапІэр (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуар) абы еупщІащ: «Уи щІалэм хууэарэзы?» - жиІэри.

- Тхьэ соІуэ, ЛІыкІуэ лъапІэ, сыхуэмыарэзыкІэ! - жэуап итащ фызыжьым. - И щхьэгъусэр сяпэ иригъэщащ, ар хуэзгъэгъуфынукъым.

ЛІыкІуэм (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) и асхьабхэм яжриащ пхъэ зэхуахьэсу, мафІэшхуэ ящІыну. Ар щагъэзащІэм, анэр щІэупщІащ: «Мыр сыт щІэфщІар?»

Жэуапу зэхихащ: «Уэзыхуэмыарэзы уи щІалэр хадзэнущ».

- Ар дауэ хъун, ар сэ си къуэш, Алыхьым ар жимыІэкІэ! - жиІэри гъэгащ анэр.

- Жыхьэнмэ мафІэр кУэдкІэ нэхъ гуащІэщ дунеягъэ мафІэм нэхърэ, зи анэ зыхуэмыарэзыхьми къапэщылъыр жыхьэнмэ мафІэщ, - жаІащ асхьабхэм. Ар щІэзэхихьм, анэм и Іуэр уафэмкІэ ишийри, и гум къыбгъэдэкІыу Тхьэм елъэІуащ, и быным къыхуигъэгъунУ, гущІэгъу къыхуиущыну. Мис итІанэщ щІалэм шэхьадэр жиІэу и псэр щыхэкІар.

Араущи, дапхуэдизу Тхьэ лъапІэм дыхуэмыпщыІламИ, ДыкъэзыгъэщІар арэзы къыхэхъунукъым зэи, адэ-анэр къытхуэмыарэзыуэ.

Джумхьэ мэжджытыр

● Азербайджан

Азербайджаным щыІэ Джумхьэ мэжджытыр (хьэрыпыбзэкІэ зэбдзэкІмэ, «джумхьэ»-м и мыхьэнэр «мэрем» жиІэу аращ) мы дуней псом щынэхъыжь дыдэхэм ящыщ зыщ.

Тхыдэм къызэрыхэщымкІэ, ар 743 гъэм Абу Муслим иригъэщІауэ щытащ. Тхьэм и унэр куэдым къелащ, псом хуэмыдэу щІыр щыхъеныжьым, абы хэщІыныгъэ куэд игъуэтащ. Мэжджытыр куэдрэ зэрагъэпэщыжащ, теплъэ дахи иратыжащ. Абы елэжьащ архитектор нэхъ лъэщ дыдэу къалъытэхэр икІи ар щагухуам иІа теплъэм ирагъэувэжащ.

Мэжджытыр зытет щІы Іыхьэр зы гектарым щІегъу. Азэн джапІэхэм я лъагагъыр метр 40-м нос.

● Щапхъэ

ЦІыхухэр диным хурегъаджэ

Сэбаншы Мухьэдин Бахъсэн районым хиубыдэ Тыжьей къуажэм 1976 гъэм къыщалъхуащ. Ар иджыри щкольным щІэсу я жылэм къыщызэІуахауэ щытащ мыдрисэ цІыкІу. Абы КъурІэным щыхуагъаджэрт Тхьэгъэпсэу Мухьэбрэ Мэремыкъуэ Шурэрэ. Мухьэдини абы щІэтІысхьэри, хьэрыпыбзэкІэ тхэкІэ, еджэкІэ абдеж щызригъэщІащ.

ИЛЪЭС зытІущкІэ абы щеджауэ, Налшык исЛъам институт къыщыщызэІуахым, абыи щІэтІысхьэри, ари ехьэлІэныгъэкІэ къыуохащ. Ар ирагъэджащ дин щІэныгъэлІхэм - Сирием къикІыжа Бэлагъы Шэу-къирэ Тыркум къикІыжа Гуэцокъуэ Абдул-Бакъирэ.

ЩІалэщІэр еджэным зэрыхуэпабгъэр фІыуэ зыщІэ Абдул-Бакъи абы къыхуигъэлъэгъуащ Тыркум и къалэ Истамбыл дэт Дунейпсо исЛъам институтыр.

1995 - 1999 гъэхэм Мухьэдин и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ Истамбыл щылажьэ Дунейпсо исЛъам институтым. А еджапІэри ехьэлІэныгъэкІэ кІиухыу Хэкум къигъэзэжа нэужь, Налшык дэт исЛъам институтым ар егъэджакІуэу къащтащ, къищынэмыщІауэ, жэуаплныгъэ ин зыпылъ Іиман къалэнри и пщэ далъхьащи, и къарум емыблэжу цІыхубэр исЛъам диным къыхуреджэ, Налшык дэт мэжджытышхуэм щыІимамщ.

● Хъыбар кІэщІхэр

Къурмэн махуэр ягъэлъапІэ

Муслъымэн псоми ди зэхуэдэ Къурмэн махуэшхуэр Іэтауэ щагъэлъэпІащ Налшык къалэми.

Хьид нэмэзыр ящІа нэужь, КъБР-м и муфтий Дзасэжь Хьэзрэталий къекІуэлІахэм яхутепсэльыхьащ Къурмэным ехьэлІа Іуэхугъуэхэм. ИужькІэ мэжджытым щрагъэкІуэкІащ сабийхэм папщІэ зэхьэзэхуэ. ЦІыкІуэр абы къыщеджащ КъурІэн Іэятхэм, хьэдисхэм. Абыхэм гулыитэ хуащІащ, тыгъэхэмкІэ яхуэупсащ.

ПІалъэкІэ псэупІэ яхуэхъуащ

Иджыблагъэ Индием къыщиуа псыдзэшхуэм цІыху 400-м нэблагъэ зэкІуэдащ. А гуэзвэгъуэр къыщыхъуа щІыпІэм деж щыІэ «Джумхьэ» мэжджытышхуэм и бжэр яхуэзІуихащ щхьэегъэзэпІэ хуэныкъуэ псоми. Зэрахьэ диным емылъытауэ, кУэд ирагъэблагъащ а мэжджытым икІи дэтхэнэ зыми гулыитэ игъуэтащ, Къурмэн махуэри зэдгагъэлъэпІащ.

Гуэзвэгъуэ хэхуахэм хуабжьу ядэІэпыкъуащ мусЛымэнхэр - - ерыскъыкІи хьэпшыпкІи къызэрагъэпэщащ. Ахэр я унэхэм щыкІуэжьым абыхэм иратащ я Іуэху зэтеувэжьыу зрикъун ерыскъыхьэкІэр.

АФІЭУНЭ Санэ.

БУСРЭ Муслим

Азэн

Пэж псом я пажэр
сщІэ си гугъэу,
Ар нывжесІэнт,
сызэхэфщІыкІым.
Жылагъуэу щыІам
я нэхъыфІыр
Азэн джа макъ
къызыдэІукІырщ.
Іуэхуфі дзэжьыным
дыщІохъуэпсыр,
Дигу хощІыр, ар
хуэзэфІэмыкІым.
Нэхъыщхьэр куэдрэ
дэ тщогъупщэр,
Аращ ди Іуэхур
щІыдэмыкІыр.
Идмылъхьэу ди гум
хьэрэмыгъэ,
ЕдмыхьэкІыф ди гъащІэ
тІэкІур.
Хуейщ пажу упсэуным лІыгъэ.
Абы дэ сыт дыщІыхуэдэгур?
Пэж псом я пажэр
сощІ хэкІыпІэ,
Ар нывжесІэнт,
сызэхэфщІыкІым.
Унагъуэ щыІэм я нэхъыфІыр
Азэн джа макъ
къызыщІэІукІырщ!

● ФиІтъэІукІэ

ФокІадэм и нэмэз щІыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, щэбэт	03.59	05.30	12.16	15.59	18.44	20.21
2, тхьэмахуэ	04.00	05.31	12.16	15.58	18.42	20.19
3, блыщхьэ	04.02	05.32	12.15	15.57	18.41	20.17
4, гъубж	04.03	05.33	12.15	15.56	18.39	20.16
5, бэрэжьей	04.04	05.34	12.15	15.55	18.37	20.14
6, махуэку	04.05	05.35	12.15	15.54	18.35	20.12
7, мэрем	04.06	05.37	12.14	15.52	18.33	20.10
8, щэбэт	04.07	05.38	12.14	15.51	18.32	20.08
9, тхьэмахуэ	04.08	05.39	12.13	15.50	18.30	20.07
10, блыщхьэ	04.09	05.40	12.13	15.49	18.28	20.05
11, гъубж	04.11	05.41	12.13	15.48	18.26	20.03
12, бэрэжьей	04.12	05.42	12.12	15.47	18.24	20.01
13, махуэку	04.13	05.43	12.12	15.46	18.23	19.59
14, мэрем	04.14	05.44	12.12	15.44	18.21	19.57
15, щэбэт	04.15	05.45	12.11	15.43	18.19	19.56
16, тхьэмахуэ	04.16	05.46	12.11	15.42	18.17	19.54
17, блыщхьэ	04.17	05.48	12.11	15.41	18.15	19.52
18, гъубж	04.18	05.49	12.10	15.39	18.13	19.50
19, бэрэжьей	04.20	05.50	12.10	15.38	18.11	19.48
20, махуэку	04.21	05.51	12.10	15.37	18.10	19.46
21, мэрем	04.22	05.52	12.09	15.36	18.08	19.45
22, щэбэт	04.23	05.53	12.09	15.34	18.06	19.43
23, тхьэмахуэ	04.24	05.54	12.09	15.33	18.04	19.41
24, блыщхьэ	04.25	05.55	12.08	15.32	18.02	19.39
25, гъубж	04.26	05.56	12.08	15.31	18.00	19.37
26, бэрэжьей	04.27	05.58	12.07	15.29	17.59	19.35
27, махуэку	04.29	05.59	12.07	15.28	17.57	19.34
28, мэрем	04.30	06.00	12.07	15.27	17.55	19.32
29, щэбэт	04.31	06.01	12.06	15.25	17.53	19.30
30, тхьэмахуэ	04.32	06.02	12.06	15.24	17.51	19.28

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Іуэхущ1апІэм къыдитащ.

● Хьэдисхэр

Дыщэм йофІэкІ

●«Мэрем махуэр махуэу щыІэм я нэхъ лъапІэщ. А махуэм Іэдэм (Тхьэр арэзы зыхуэхъуныр) къигъэщІащ, а махуэм абы жэнэткІэ хуэупсащ, мэрем махуэуи жэнэтым кърихужащ, Кьемэт махуэри къыщысынур мэрем махуэращ».

●«Нэщі зымыІыгъым, сынэщІщ жиІэмэ, ар фэрыщІу араща. Апхуэдэхэм Тхьэ яІэкъым».

●«Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) жиІащ: «Алыхьым жиІащ: «Уа, Іэдэм и бынхэ! Сыт хуэдиз гуэныхь фымылэжьами, абы емылъытауэ, фышІегъуэжрэ тобэ къэфхыжкмэ, Сэ фыкъыщыгугъмэ, Сэ фыкъызэлъэІумэ, Сэр фІэкІа нэгъуэщым зыми фыщымыгугъмэ, шэч хэмылъу фи гуэныхьхэр къыфхуэзгъэгъунущ».

●«ЛІыкІуэ лъапІэм (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) жиІащ: «Сэ сщІэм фэ фыщыгъуаззу щытамэ, нэхъыбэрэ фыгъынт, нэхъ мащІэрэ фыгуфІэнт».

●«Алыхьым и пщылІым жэнэтым и щхьэкІэ дыдэр щыхуохкІэ, Тхьэм и пщылІр щІэупщІэнщ: «Ярэби, сыткІэ къэзлэжьа сэ мыхуэдэ насып?!». Тхьэм жэуап иритынущ: «Уи быныр уэр папщІэ къызэрызэлъэІуам ипкъ иткІащ».

●Зэгуэрым Мухьэмэд бегъымбар лъапІэм (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) и деж хьэрып гуэр къакІуэри, къыжриат: «Уа, Тхьэм и ЛІыкІуэ лъапІэ! Сыт сэ сщІапхъэр, мы дунейм фІыгъуэр къыщызлэжьын папщІэ?» Бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) жиІащ: «КъызэупщІ, сэ уи упщІэхэм жэуап нестынщ». Хьэрыпым жиІащ: «Сэ сыхуейщ щІэныгъэ куу збгъэдэлъынУ, псоми сефІэкІыну, сыт абы щхьэкІэ сщІапхъэр?». ЛІыкІуэм (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) жэуап итащ: «Алыхьым щышыни, уи щІэныгъэм хэхъуэнущ». «ЦІыхуу щыІэм нэхърэ нэхъ къулейуэ сыщытыну сыхуейщи, сыт злэжьыпхъэр апхуэдэу сыхъун папщІэ?», - пищащ и упщІэхэм хьэрпым. - «Алыхьым къуитам арэзы утехъуэмэ, псом нэхърэ унэхъ укъулеиншщ», - жэуапу зэхихащ. «Псом нэхърэ нэхъ захуэу сыщытыну сыхуейщ», - щыжиІэм, Бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) и жэуапу зэхихащ: «Уэ уи щхьэм хуэбгъэфащэр адрейми хуэбгъэфащэмэ, мис итІанэ псом нэхърэ унэхъ захуэщ». - «Псом нэхърэ нэхъ хьэлэлу сыщытыну сыхуейщ», - кІыпищащ хьэрпым. «Зи сэбэпынагъ цІыхум езыгъэкІым нэхърэ нэхъ хьэлэл зыри щыІэкъым», - жиІащ ЛІыкІуэм (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам). - «Сэ сыхуейщ Алыхьым адрей цІыхухэм сакъыхиІэтыкІыну». «Алыхьым и цІыр нэхъыбэрэ жьпІэмэ, адрейхэм уакъыхиІэтыкІынущ». «Си Іимандж ирикъуну сыхуейщ». «Уи хьэл-щэныр ебгъэфакІуэмэ, уи Іимандж ирикъунщ». - «Кьемэт махуэм Тхьэм гущІэгъу къысхуищІыну сыхуейщ». «ЦІыхум ткІийуэ убгъэдэмытмэ, гущІэгъу яхуэпщІмэ, Кьемэт махуэм уэри Тхьэм гущІэгъу къыпхуищІыжьынущ». - «Си мылъкум бэрычэт хэлъыну сыхуейщ». «Андез пІыгъмэ, уи мылъкуми берычэтыр хэкІынкъым». - «Си лъэІур Тхьэм къабыл ищІыну сыхуейщ». «Алыхьым игъэхьэрэмахэм ялэІэщІэ зыщІи, уи лъэІурм къабыл хъунщ» - «Сыт хуэдэ ІуэхугъуэфІыр нэхъ лъапІэ Алыхьым и дежкІэ?» «Хьэлэлыгъэр, зэпІэзэрытыгъэр, шыІэныгъэр». - «Сыт хуэдэ щытыкІэра Алыхьым нэхъ и жагъуэ дыдэр?» - «Хьэл-щэн Іеймрэ нэпсеигъэмрэ». - «Алыхьыр къыскуэгубжьамэ, сыт хуэдэ Іуэхугъуэ злэжьын хуей, Тхьэм и губжьыр сщхьэщыкІын папщІэ». «ЩІхуу сэдэкъэ птымэ, зэфІэна зэбгъэкІужкмэ, Тхьэм и губжьыр пщхьэщыкІынщ». - «Кьемэт махуэм жыхьэнмэ мафІэр зыгъэнкІыжкмэ, Тхьэм и губжьыр сыт?» - «Гуэзвэгъуэ, гуІэгъуэ къызыпІысам хэль шыІэныгъэм». - «СыткІэ къэзлэжьа хъуну Алыхьымрэ Мухьэмэд бегъымбарымрэ (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) я лъагъуныгъэр?». - «Алыхьымрэ Мухьэмэдрэ (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуамрэ) фІыуэ яльэгъуахэр уэри лъагъуи, Алыхьымрэ ЛІыкІуэ лъапІэмри (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуамрэ) уэри лъагъуныгъэ къыпхуащІынщ».

Хьэдисыр Хьалид ибн Уалид къиІутэжащ, икІи мыбы «Дыщэм нэхърэ нэхъ лъапІэ» хьэдискІэ йоджэ.

Хьэлэлагъым къыпэкІуэр

ИЖЬ-ИЖЬЫЖ зэманым зи лэжьыгъэр зыфІэкІуэда щІалэ псэ къабзэм махуищкІэ зэкІэлъэпыту кьИпхьуат ІэнатІэ. Лэжьыгъэ хэди ищІыртэкъым, арщхьэкІэ игъэтакъым. Унагъуэр пІын хуейт, сабийхэр гъэшхэн хуейт.

ЕплІанэ махуэм щІалэм и щхьэгъусэм жиІащ: «Уэрэ сэрэ зыгуэру тщэчынт, ауэ сабийхэр мэмэжалІэ, а цІыкІухэм я фэр пыкІащ, зыгуэр къэдмыгупсысу хъунукъым. Апхуэдэу щыщІткІэ, сэ ирагъэкІуэ щІэ и фэеплъу зесхьэу зы Іэлъэщ закъуэ сиІэщи, узотри - щэ, зи мыхъуми сабийхэм нобэ яшхын хъахущІэкІынщ», - жиІэри Іэлъэщыр и щхьэгъусэм хуишиящ.

Іэлъэщыр ищэри, щхьн тІэкІу къищэхуауэ щІалэр унэм здэкІуэжьым, ар ІущІащ мыхьэнэншэ дыдэу хуэпа лІыжь мэжащІалІэ гуэрым. ЛІыжь мэжалІэр фІэгуэныхь хъури, иІыгъ тІэкІур абы иригъэшхащ. И щхьэр ехьэхауэ унэм кІуэжри, Іуэхур зыІутыр и щхьэгъусэм жриІащ.

- Умыгузавэ, Тхьэм и деж зыри щыкІэрыкъым. Си адэм и Іэпщэ сыхьэтыр къызитащи, ар тщэнщи, сабийхэм шхын къахуэтщэхунщ, - жиІащ Іиман зыбгъэдэлъ щхьэгъусэми.

ЕтІуанэ махуэм жэщ хъуху бззэрым тетами, щІалэм сыхьэтыр хуэщакъым. И гур зэбгъэжауэ бззэрым къыщыдэкІыжьым ар ІущІащ бдзэжьей зыщэ ІкІи. Абы бдзэжьейуэ иІыгъауэ хъуар псори ищат, тІу къудей фІэкІа къэмынэу. ЩІалэр абы бгъэдыхьэри жриІащ: «Сэ ахъшэ сиІэкъым, ауэ мы Іэпщэ сыхьэтымкІэ къызэхъуэж уи бдзэжьеитІыр». Апхуэдэ щыкІэкІэ бдзэжьеитІыр унэм къихьащ лІым.

Щхьэгъусэм бдзэжьейр игъэкІабзэу здэщысым, ар къжкІиящ, и нэхэм ялъэгъуар и фІэщ хуэмыщІу.

Бдзэжьейм и кІуэцІым къикІат налкъут мывэ лъапІэр. Ар ящэри, унагъуэр къулей хъуащ.

Тэлай дэкІуэ, абыхэм я бжэм къытеуІуащ ялъэ зыІущІэу игъэшхауэ щыта лІыжь факъыпрэр.

- Алыхьыр къыпхуэупсэри, къулей ухъуащ, сэри укъызэдэгуэшэн уи мылъкумкІэ? - щІэупщІащ лІыжьыр.

Щ1алэр гупсысэххакъым, атІэ занщІэу жэуап итащ: «Апхуэдизи мылъкуІэ сэ зыри сщІэнукъым, си мылъкуи и зэхуэдитІымкІэ сыбдэгугъэшэнкІэ Тхьэ соІуэ», - жиІэри пэшым щІыхьэжащ.

ЗэрыжиІам тету, мылъкуу иІэр тІу иращыкІри, и зэхуэдитІыр лъэІуакІуэм къыхущихащ. АрщхьэкІэ, телъыджэрати, бжэлупэм деж лІыжьыр щигъэутыжакъым, псэкІэ бауэу зы цІыхуи щыттэкъым.

Къэхъуар къыгурымыІуэрэ, жащ хъури, щІалэр гъуэлъыжащ. ПщІыхьэпІэу абы елъагъу махуэм лъэІуакІуэ къыхуэхІуа лІыжьыр.

- Нобэ узгъуэтыжакъым, дэнэт уздэкІуар? - жиІэу пщІыхьым хэту щІалэр лІыжьым щеупщІым, абы жэуапу къритащ: «Тхьэ соІуэ, си щІалэ, сэ сызэрымыфакъырэмкІэ. Сэ сымэлэІычщ, уэри сэри дэ Тхьэ лъапІэм гъэунэхуакІуэу сыкъыпхуигъэкІуэу арат. Уи сабийхэм папщІэ къэпщэху шхын тІэкІури зэптар сэрат, уи Іэпщэ сыхьэтри бдзэжьеитІкІэ зэпхъуэжари сэрат. Тхьэ соІуэ узэринасыпымкІэ, жэнэт Іыхьлы узэрыхъунумкІэ».

Мис апхуэдэ Іуэхугъуэ кУэдкІэ дэри дегъэунэху Алыхь лъапІэм, ауэ ар дэ къыдгурыІуэрэкъым.

Алыхьым и арэзыщІынытгъэм телэжьами

Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) и зэманым псэуащ Абу Хьэкъыд зи цІэ лІы гуэр. Ар Алыхьым и арэзыщІынытгъэм телажьэ зэпытт, жэщми махуэми нэмэз ищІырт, нэщІ Іыгъынкіи, сэджытыр тынкІи пщІэ къытенэртэкъым. Апхуэдизу Алыхьым хуэпщылІа Абу Хьэкъыд и псэм еджэу щытелъым, цІыхур щылІэм деж жиІэн хуей шэхьадэр жиІэфыртэкъым, нэгъуэщІу жьпІэмэ, «Лаилахьэ Іиллэлахь, Мухьэмэд рэсулулахь» псалъэхэр къипсэльыфыртэкъым.

Апхуэдэу щыхъуи, абы и цІыхьэгъуэр гузавэри, ЛІыкІуэ лъапІэм (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) и деж кІуаш, Іуэхур зыІутыр хуиІуэтащ. ЛІыкІуэм и асхьабхэм ящыщ лІым и деж игъэкІуащ, дигъэІэпыкъун мурадкІэ. АрщхьэкІэ, абыхэми ар ялъэкІакъым. Абу Хьэкъыд и псэр хэкІыгъуэй хъуат, и бгъэр зыгуэрым иІыгъым хуэдэт. Асхьабхэр ЛІыкІуэм (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) и деж ягъэззэжу Іуэхур зыІутыр щыжраІэм, Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуар) щІэупщІащ: - «Анэ иІэ абы?» «ИІэщ», - щыжаІэм: «АтІэ, лъэкІынумэ, ар къыскуэфшэ, лъэмыкІынумэ, сэ езыр сыхуэкІуэнщ», - жиІащ ЛІыкІуэ лъапІэм (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам).

Фызыжьыр къыщашэм, ЛІыкІуэ лъапІэр (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуар) абы еупщІащ: «Уи щІалэм хууэарэзы?» - жиІэри.

- Тхьэ соІуэ, ЛІыкІуэ лъапІэ, сыхуэмыарэзыкІэ! - жэуап итащ фызыжьым. - И щхьэгъусэр сяпэ иригъэщащ, ар хуэзгъэгъуфынукъым.

ЛІыкІуэм (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) и асхьабхэм яжриащ пхъэ зэхуахьэсу, мафІэшхуэ ящІыну. Ар щагъэзащІэм, анэр щІэупщІащ: «Мыр сыт щІэфщІар?»

Жэуапу зэхихащ: «Уэзыхуэмыарэзы уи щІалэр хадзэнущ».

- Ар дауэ хъун, ар сэ си къуэш, Алыхьым ар жимыІэкІэ! - жиІэри гъэгащ анэр.

- Жыхьэнмэ мафІэр кУэдкІэ нэхъ гуащІэщ дунеягъэ мафІэм нэхърэ, зи анэ зыхуэмыарэзыхьми кьапэщылъыр жыхьэнмэ мафІэщ, - жаІащ асхьабхэм. Ар щІэзэхихьм, анэм и Іуэр уафэмкІэ ишийри, и гум къыбгъэдэкІыу Тхьэм елъэІуащ, и быным къыхуигъэгъунУ, гущІэгъу къыхуиущыну. Мис итІанэщ щІалэм шэхьадэр жиІэу и псэр щыхэкІар.

Араущи, дапхуэдизу Тхьэ лъапІэм дыхуэмыпщыІламИ, ДыкъэзыгъэщІар арэзы къыхэхъунукъым зэи, адэ-анэр къытхуэмыарэзыуэ.

Фи ІтъэІукІэ

Материалыр ЩІэныгъэм и лъапсэ зыфІэфІыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрэшей-Щэрджэс Республикэм и Къэралыгъо Парламентым и Щэнхабзэмрэ Щэнхабзэ ІахьитІ зыщІэныгъэмрэ я Комитетым и УнафэщІ Ирина Ивановнэ Ермолаевам ипсалъэ.

Театрыр ноби зи пщІыхьым хэт

● Дифі догъэлъапІэ

Театрыр дунейпсо гъуазджэм и Іыхьэ нэхъ лъэрыхь дыдэхэм ящышщ. Ар и «щхьэцыгъуэхэмкІэ» хэуХуэнащ литературэм, макъамэм, къафэм, уэрэдым, гъуазджэм и нэгъуэщІ лІэужьыгъуэхэм.

СЫТ хуэдэ зэманми театрым и зыужьынигъэр епхауэ щытащ цІыхухэм я къэухьымрэ я щэнхабзэр зыдынэс лъагапІэмрэ. Абы къыдэкІуэу, театрым Іэмал кьыдет дыкъэзыухъуреихь дунейм и жьпгъэ щхьэхуэхэмкІэ зыхэтщІэну. Апхуэдэу, спектаклыр сценэм къыщыхъуу Іэхъугъуэ щхьэхуэщ.

Актёрхэм я зэфІэкІкІэм, дауи, куэд дыдэ елъытащ, ауэ ахэр режиссёрым - и унафэм инхъ иткІэщ зэрылажьэр. Абы къыхэкІыу, режиссёрым и мыхьэнэр театрым дежкІэ икъукІэ инщ жьпІэмэ, едгъэлеинукъым.

Гуапэ зэрытщыхъущи, ди лъэпкъым и мащІэкъым режиссёр, актёр зэчиифІэхэр. Абыхэм театрым и зэфІэкІ гъэщІэгъэнэмкІэ лъэпкъым и гупсысэр лъагапІэщІэхэм хуашэ, и псэр фІым, нэхум хуагъэщІ.

Гъуазджэм и дунейм щыщ зыщ адыгэ (шэрджэс) драмэ театрым и къызэгъэпэщакІэ, режиссёр, драматург цІэрыІуэ, Абхъаз Республикэм щІыхь зиІэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъШР-м и цІыхубэ тхакІуэ, зыныгъэм и ветеран, УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, Урысейм и лъэпкъхэм я еханэ Артиадэм и лауреат Абдокъуэ Маталио Умар и къуэр. Режиссёрым иджыблагъэ игъэлъэпІащ илъэс 80 зэрырикъуар.

1938 гъэм Абдокъуэ Маталио къыщалъхуащ Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Псэункі-Дахэ къуажэм (илэкІэ Къылыш къуажэкІэ еджэу щытащ). Хэку зауэшхуэр зи гъащІэ лъагъуэм къыхэзыІэба сабий куэдым ящыщщ Маталио.

- Си адэ-анэр фІыуэ сщІэжыркъым. Сысабийуэ ахэр зэбгъэдэкІыжри, си анэшхуэм и гъусэу сыкъэнащ. ИужькІэ си адэм нэгъуэщІ цІыхубз кьишэжри, зы щІалэ къащІэхъуащ. Ди адэр Хэку зауэшхуэм щыкІуам, сэ иджыри сыщІыкІут. 1942 гъэм Сталинградэ и Іэгъуэблагъэм щыхэкІуэдащ ар, - игу кьегъэкІыж Маталио.

ЩІалэ щыкІур нэхъ щыщэкІуэтея нэужь, щІэныгъэ ирагъэгъуэтыну яунэтІащ Черкесск кьалэм дэт лъэпкъ интернатым. Абы щигъэкІуа илъэсхэм сабийр хэт зэпыту щытащ творческэ, художественнэ Іуэхугъуэхэм: басня кьеджэрт, театр теплъагъуэхэм щыджэгурт... Абы къыхэкІыу, Маталио курыт еджапІэр къыщиуха пІалъэм ирихьэлІэу, зыхуеджэнур, зыщІэхъуэпсыр ищІэрт. Апхуэдэуи 1957 гъэм Маталио щІэтІысхьащ Островский А. и цІэр зезыхьэ Ленинград театр институтым (иджы Санкт-Петербург театр академие).



Абдокъуэ Маталио

- Ленинград къикІри, бзылъхугъэ гуэр Черкесск кьалэм къэкІуат. Абы театр еджапІэм щІэтІысхьэну гуэдзэж зиІэхэм экзамен дигъэтащ. Ар тыншу зэрысхуэтари зэуэ еджапІэм сызэращтари сощІэж, - жеІэ Абдокъуэм.

Абы Маталио илъэситхукІэ щеджащ икІи театрымрэ киномрэ я актёр Іэщ1агъэр зригъэгъуэтащ. А пІалъэм къуриубыдэу и гупсысэми и къуэхьми зэхъуэкІыныгъэфІэхэр ягъуэтащ...

Ленинград театр институтым щеджа, Къэрэшей-Шэрджэс студием и актёр ныбжьыщІэхэм 1962 гъэм Черкесск кьалэм кьагъэзэжащ. Ар ди хэгъэгумкІэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъэшхэт.

- Пэжыр жысІэнщи, сыщыстудентми сегупсысырт ди хэгъэгум дгъэзэжмэ, лъэпкъ театр, сэркІэ нэхъыщхьэр адыгэ театр, диІэн зэрыхуеймі. Сыту жыпІэмэ, абы щыгъуэм урыс театр закъуэрат лажьэр, - къыхегъэщ Маталио.

И хуэзэпсапІэр нэрыльагъу хъун папщІэ, Черкесск кьалэ дэт драмтеатрым Маталио актёр гуп щызэриишэлІащ. Ахэр Ленинград къыщыдджеджа актёр Шумахуэ Владимир, ГумжьафІэ Хьисэ, Уэз Лилэ сымэт.

КъызэрагъэпэщагъащІэ адыгэ гуным я япэ гъэлъэгъэныгъэ хъуащ «Ди къуажэм» спектаклыр. Ар адыгэбзэкІэ ягъэуват. Къыхэгъэщіпхъэщ пьесэр Маталио щыстудента илъэсхэм ихтауэ зэрыщытар. Пьесэри жэрдэмри зэрейм къыхэкІыу, режиссурэ ІэнатІэрэ ягъэлъагъэфэщащ.

- Япэ дыдэу а спектаклыр Эрсакон къуажэм щытшам епхауэ зы гукъэкІыжь сиІэщ. Ар 1963 гъэрат. Спектаклыр духа нэужь, сценэмкІэ зы бзылъхугъэ хэкІуэта гуэр, и нэпсхэр кьыфІекІуэу, къыдэкІуейри, къыджиІащ: «Иджы сылІэми, сымыІа хуэдэщ. Си анэдэлъхубзэмкІэ спектакль слъэгъуащ!»... Аптхуэдэ псалъэхэр зэхэпхыну сыт и уасэт, - игу кьегъэкІыж Маталио.

Пьесэм къыщыгъэлъэгъуажат иджырей адыгэ къуажэм и псэукІэр, абы дэс цІыкІухэм я хьэл-щэнхэр.

Творческэ зэдауэхэмрэ къэлъыхъуэныгъэхэмрэ я фІыгъэкІэ, адыгэ театрым хуэмурэ псэ къыхьыхьэрт. Ауэ гъащІэм Іэджэуи зызэредзэкІ, дызыщымыгугъа я куэди къыщохъу. Апхуэдэу, илъэс бжыгъэ гуэркІэ Маталио щылажьэн хуей хъуащ Къалмыкъ АССР-м и Яшалтинскэ лъэпкъ театрым и режиссёр нэхъыщхьэуи. Ауэ, щхьэж и лъагъуэ иІэжщи, дунеймэ абы теухуауэ кьэхъукъащІэхэр зэрегъэзэахуэ.

1972 гъэм хабзэм тету унафэ ящІри, Къэрэшей-Шэрджэсым щыІэ театрым лъэпкъ труппэхэр кьыщызэрагъэпэщащ. Адыгэ труппэм и режиссёр нэхъыщхьэу Абдокъуэ Маталио ирагъэблагъащ. ІэнатІэщІэм пэрыту, абы и япэ гъэлъэгъэныгъэ хуэуауэ щытащ езым ихта «Исчезающие тени» пьесэмкІэ ягъэува спектаклыр. 1976 гъэм лъэпкъым илъэгъащ Джакометти Паоло и «Семья преступника» пьесэмкІэ ягъэува спектаклыр.

1975 гъэм Маталио къиуахьжащ ГИТИС-м и режиссёр курсхэр икІи Абдокъуэм къыхуагъэфэщауэ щытащ нагъыщэ хэІэтыкІахэр зэрыт дипломыр.

1989 гъэм Маталио къэрэшей, адыгэ лъэпкъ театрхэм (абы щыгъуэм ахэр зэгуэтт) я унафэщІу ягъэуващ. КъыкІэлыкІуэу, 1992 гъэм, Маталио адыгэ драмэ театрым и художественнэ унафэщІ икІи директор ящІащ. Абдокъуэр Іуэразджэм хуэлэжьэу хущІэкъу зэпыту щытащ театрыр фестиваль, зэхъэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэм и зэфІэкІ щеплъыжьным. КъыжьпІахъэщ, Налшык къалэм дэт, Кавказ Ищхьэрэм ГъуэзджэхэмкІэ къэрал институтым адыгэхэм яхуэгъэпса театр студиер 2000 гъэм къыщызэгъэпэщыным Абдокъуэм и кьару мымащІэу зэрыхилъхьар.

Маталио режиссурэм нэхъыбэу зритыжауэ щытами, къыхьыумыгъэщыну фІэкІыпІэ иІэкъым ар актёр гъэщІэгъэнэрти зэрыщащэр. КъызэрыджаіамкІэ, цІыхухэр театр кассэм кьекІуалІэрти, спектакль щыІэнум «Абдокъуэр щыджэгурэ?» жаІэу щІэупщІэрт. Ар джэгумэ, литературэ щхьащхурт.

Езы Маталио зэрызиумысыжьымкІэ, абы и псэм нэхъ пэгъунэгъур трагическэ ролхэращ. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, а фІэфІныгъэм и лъабжьэр езым и гъащІэ лъагъуэм и кьежьапІэм щыщыпльхъуэхъэщ. Адэ-анэм я фІыльагъуныгъэр зымыльэгъуа актёрым трагедие, драмэ образхэр нэхъ зыхиущІэ хъуащ. А образхэр Маталио псэкІэ нэхъ пэгъунэгъущ, ахэр зэрыт щытыкІэр кьыгуроІуэ. Апхуэдэу, ди тхыгъэм и лІыхьжьым нэхъ игу кьинэжа, езыр щыджэгуахэм ящыщщ «Океан» (Штейн Александр и пьесэщ), «ЩхьэзакъуэІ» (Минурин Туфан и пьесэщ) спектаклхэр.

Актёр зэчиим Абдокъуэр киномэ хуиушауэ щытащ. Апхуэдэу, ар хэтащ «Колокол священной кузни» фильмым. Абы Провокаторым и ролыр щигъэзэщІащ. Маталио кьигъэщІа образ гъэщІэгъуэным папщІэ Абхъаз Республикэм щІыхь зиІэ и артист цІэри къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Мы илъэсым Абдокъуэ Маталио театрым кьыІыкІыжащ. Арами, абы зэрыпыщІауэ щыта илъэс 56-м кьриубыдэу, режиссёрым спектак-ли 155-рэ игъэуващ. Ахэр я жанркІи, бзэ зэрыгъэувамкІи зэмылІэужьыгъуэщ. Пьесэхэм яхэтщ езы Маталио и Іэдакъэ щыщ драматургхэм я тхыгъэхэри. Апхуэдэщ «Клятва Махмуда», «Анэхэр гъын хуейкъым», «Хочу присниться тебе» (Абдокъуэ Маталио), «Не всё коту масленница» (Островский А.), «Черкесский кинжал» (Абрамцев К.), «Проделки Скапена» (Мольер Ж.-Б.), «Глаз Беликана», «Волшебный напёрсток» (ДабгаГъуэ М.), «Пауки» (Уэхъутэ А.) нэгъуэщІхэри.

Псом хуэмыдэу езы Маталио къыхигъащ зэпытщ драматургие Іэзхуэкіэ зыдэлэжьа, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта, творческэ зэчиимхэу зыбгъэдэлъа ДабгаГъуэ Мухьэмэд.

- Адыгэ театрыр зэфІэувэным, зиужьыным икъукІэ хэлъхьэныгъэ ин хуищІащ ДабгаГъуэ Мухьэмэд. Драматургие и Іьэныкъуэкіэ абы и зэфІэкІыр Іьаргэт. Мухьэмэдрэ сэрэ ди пьесэ 13 зэрыхуэ сборник кьыдэдгъэкІаУэ щытащ, - къыхегъэщ Маталио.

Режиссёрым зэрыжиІэмкІэ, игъэува теплъэгъуэхэм ящыщ гъэрхэр хэІэтыкІаУэ къыхигъэщхьэхукІыныр нэхъ гугъущ.

- Спектакль кьэскІэ уи къару, уи гупсысэ щыхэплъхьэкІэ, ар ууей мэхъу, ар къэплъуэ сабийм хуэдэщ, - жеІэ режиссёрым.

Нобэ Маталио усэ тхынми дехьэх. Абы зэзыумысыжьымкІэ, усэм илъэситху хуэдиз хъуауэ зыІэпешэ. КъызэрыхигъэщымкІэ, усыгъэр урысыбэзкІи адыгэбзэкІи къыхуокІуэ. Нэхъыбэм и тхыгъэхэр лирикэ темэм епхащ. Ауэ зауэ, зэкъфІыльагъуныгъэ темэхэри и Іэрытхэм хэтщ. Усэхэм ущыхэплъэкІэ, наІуэ къыщцохъу Маталио зауэм хуиІэ лъагъуныгъэ ныгъэр. Абы и Іэдакъэщ1экІхэм къахощ зауэжьым адэнэшэу къигъэна сабийхэм я гукъеуэр...

Маталио ящыщщ зи лэжьыгъэр лэжьапІэу къэзымыльытэ, атІэ ар гъащІэ зыхуэхъуэхэм.

- ЗэрысщІэжрэ театрыр си гъащІэу сыпсэуащ. Си гъащІэм и Іыхьэ нэхъыбэр аращ цызгъэкІуар. Нобэ сымылэжьажми, пычыгъэ гуэрхэм селэжьы, ззэгъащІу я зГъэуву, репетицэ диІэу, театрыр ноби си пщІыхьым хэтщ, - къыщІегъуж Абдокъуэм и псалъэм.

ГЪУКІЭКЪУЛ Ириндж.

Нартхэм я хэтІэхэсэ

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и зи чэзу джэгуГуэрэм ипкъ иткІэ, щэбэт кІуам Нарткъалэ щызэхуэзат щІыпІэ «Нартымрэ» «Нартанымрэ». Абыхэм я хэтІэхэсэр хьэщІэхэм я текІуэныгъэ инкІэ ирахащ.

ТУРНИР таблицэм увыпІэ нэхъ лъагэ щызыІыгъхэм я тепщэныгъэр аргуэру наІуэ ящІащ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ ди республикэм и кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ я стадионхэм щызэхэта зэІуэщІэхэм. Апхуэдэу зэхъэзэхуэм пашэныгъэр щызыІэщІэлъ «Автозапчасть»-р Арщыдан щыІэу «Бедик»-м ефІэкІащ икІи бжьыпІэм зэрыщытыр нэхъри игъэбыдащ.

Бахъсэндэсхэм ерыщу якІэлъоІи зи чэзу текІуэныгъэхэр зыІэрызыІэхьа «Исльэмеймрэ» «Налшыкымрэ». Абыхэм бжьыгъэ зэщхькІ, 1:0-у, Сэрмакъэрэ Шэджэмрэ хэгъэрейхэр щыхагъэщІащ.

«Псыкуэдым» щыджэгу Бэчбо Мурат мыгъэрей зэхьэзэхуэм топ 31-нэр щыдигъэкІащ. ГъащІэхьауэхэм я зэпеуэм абы бжьыпІэр зэрыщиІыгъащ. Ар жьыжьэу зыІэщІигъэкІырыкъым «Малка»-м и пашэ ШащІэ Бесльэн.

Адэкіэ щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и зи чэзу джэгуГуэрэм кърикІуа бжьыгъэхэм: «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Нартан**» (Нартан) - **0:4**, «**Бедик**» (Арщыдан) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **1:3**, «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - «**Налшык**» (Налшык) - **0:1**, «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Къундетей**» (Шэджэм) - **3:2**, «**Союз**» (Сэрмакъ) - «**Исльэмей**» (Исльэмей) - **0:1**, «**ЪхэтІохъущыкъуей**» (ХьэтІохъущыкъуей) - «**Керт**» (Къэхуэ) - **2:2**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **3:1**.

«Псыкуэд» (Псыкуэд) - «Малка» (Малкэ) зэІущІэр ягъэІэпхъуащ.

Дызыхуэкіуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтыну къыкІэлъыкІуэ джэгуГуэрэм щызэпхущІэтыныщ «Налшык» - «Тэрч», «Автозапчасть» - «Нарт», «Исльэмей» - «Бедик», «Нартан» - «Къундетей», «Малка» - «Шэрджэс», «Псыкуэд» - «ЛогоВАЗ», «Родник» - «Керт», «Союз» - «ЪхэтІохъущыкъуей» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2018 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	20	17	1	2	77-22	52
2.	«Исльэмей»	19	14	2	3	54-23	44
3.	«Налшык»	20	13	3	4	61-27	42
4.	«Тэрч»	19	12	2	5	42-27	38
5.	«ЪхэтІохъущыкъуей»	20	10	4	6	46-41	34
6.	«ЛогоВАЗ»	20	10	1	9	46-57	31
7.	«Нартан»	20	9	2	9	38-45	29
8.	«Малка»	19	8	4	7	53-45	28
9.	«Родник»	20	8	3	9	42-48	27
10.	«Псыкуэд»	19	8	1	10	58-69	25
11.	«Союз»	20	7	4	9	49-59	25
12.	«Керт»	20	7	3	10	38-45	24
13.	«Къундетей»	20	6	2	12	42-57	20
14.	«Нарт»	20	4	4	12	33-52	16
15.	«Бедик»	20	4	1	15	39-65	13
16.	«Шэрджэс»	20	2	1	17	18-54	7

● Бокс

Медаль зэмылІэужьыгъуэу плІы

Дагъыстэным и Хасавюрт къалэм щекІуэкІащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм боксымкІэ и чемпионат. Абы хэтащ спортсмени 100-м щигъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым икІахэм медаль зэмылІэужьыгъуэу плІы къахьащ.

ЗИ ХЬЭЛЪАГЪЫР килограмм 49-м нэблагъэхэм я деж етІуанэ увыпІэр щиубыдащ Хьэбылэ Аслъэн. Щыэзэ гупхэм жэз медалхэр щыьэІэрагъэхьащ Атабиев Аслъэн (кг 91-м щІигъу) сымэ.

ЩІалэхэр ягъасэ Занилэ Мурат, Чанаев Мусэ, КІэрэф Залым сымэ.

КЪЭХЪУН Бэч.



● Дыщалъхуа щІыналъэм и щІыпІэщІэхэр

Си псэм и гъунэгъу

Къызбруным цІыхухэр пхуэ щрадзыхыр уэ пльэгъуакъым.

ЩОДЖЭНЦІЫКІУ Алий

Къэбэрдеим и щІыналъэ нэхъ гъэщІэгъэнэхэм ящышщ Къызбрун куейр, а цІэ дыдэр зиІэ бгы лъапэм щІэс щхьажэщхуэмэ ильэс куэдкІэ зэрыхьащ а цІэ дахэр. Мы бгыми щІыналъэми зэмылІэужьыгъуэу хъыбарышхуэ яІэщ. А бгым «хуэзэфІэкІащ» 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа зауэшхуэм щыгъуэ зи зэмыщ зэрыпхъуакІуэ абы димыгъэкІын. Ар я тІысыпІэу щытащ ди зауэлІхэм, лІыгъэшхуэ абдеж щызэрахьащ. Нобэ зи гугъу щІыныри пщэдджыжь къэскІэ сызыІуплъэ Къызбрунывжь си гъащІэм зэрыхэтым и зы Іыхьэ тІэкІущ.

СЫЗЭРЫСАБИЙРЭ зэхэсхыу щытащ жьы хъуахэр, ныкъуэдыкъуэхэр, зи щхьэ зыхуэмеыкьажэр Къызбрун кърадзыхыу щытауэ. Ар фІэщ щыгъуеит, ауэ, илъэсищэ хъуху псэуа си адэ Къардэн Чэрим зэрыжиІэжу щытамкІэ, ныбжьышхуэ зиІэ хъуа цІыхур тажджэм ирапхэрти, Къызбрун бгым ирадзыхыт.

Ислъэмей къуажэм и гупэм хуэзэ Къызбрун бгыщхуэм ипщэкІэ ХьэтІохъущыкъуей Ищхьэрэ къуажэ псор кьыззщІиубыдэу, ищхьэрэкІэ Дыгулыбгъуей къуажапщэм и бгъуагъыр хьыхьэу Зеикъуэ къуажэмкІэ зеукъуэдий. Абы къуажищ къызэщІеубыдэ: ХьэтІохъущыкъуей Ищхьэрэ (Къызбрун 1-нэ), Исльэмей, (Къызбрун 2-нэ) Дыгулыбгъуей (Къызбрун 3-нэ). Бгым и лъагагъыр метр 370-м нос. Сэ абы и лъабжьэ щІежэх, БахъсэнэжьыкІэ зэджэ псым, ипщэрабгъукІэ сыщопсэу, сызытемыува щІыпІи иІэу си фІэщ хъуркъым.

Къызбрун бгым и щІыбагъ шытхьи щыщІедзэ «Махуэгъэпс», «ТещІэгъуэ», «Фэндыкъуэ» мэзхэм, ГъавэщІапІэхэр, хъупІэхэр, мэкъупІэхэр куэду щыІэщ. Зауэ нэужь зэман хьэлъэм а мэзхэр цІырхь ящІауэ щытами, иджыкъу пхьыкІыпІэ имыІэрэ жьпІэу зэщІэкІэжащ, хьэкІэжьэхэри щьбэгъэгъуэжащ. Абы щыгъуэ а мэзхэр щымыІамэ, тхьэм ирещІи, цІыхухэр псэуфынтэкъым, мэжэщІалІагъэмрэ щІыІэмрэ цІыху куэд ихьынт.

Бахъсэныжь, нэри пэри ихьу ежэх псыр, дзыкъыу щтырт, щІымахуэр апхуэдизкІэ щІыІэ хъуртри. КъуикІуэнум демыгупсысу дэ абы чын щыдгъэвурт, Іэжьэкіэ къыщыджыхьырт, пхъэ къыззэпрытшырт. Абы теІь пхъэ лъэмыжьым гъатхэмрэ гъэмахуэмрэ псыр къыщытелъадэ щыІэт, щытрихи къэхъурт. Насыпэ уиІэмэ, пхъэ хъипшу урихьэлІэнтэкъым. Апхуэдэжэм деж ислъэмейдэсхэм ди мэзэкІуэр жэщ ныкъуэм щынэблагъэ щыІэт, ХьэтІохъущыкъуейкІэ къэтІкІухьын хуей хъуртри. Ди щхьэлъащІэхэм пхъэхькІэ кьахьа Бахъсэныпс дефэрт, шхын иращІырт, зэрыжьыщІэри, зэрыльэсэри, Іэщхэр зэфэри арат. ТІэрныауэ щащІа обогатителъэ фабрикэм пльэр фІей къищІ хъури, ирипщэфІэн, ефэн цІыхухэм щагъэтауэ щытат.

Ерыскъыхэр ирырагъэхъэзырун пэшхьэкур зэрыгъэтлІупи дИар хьэуазэ, нартыку жэпкъ (ар куэдым кьалъымыеу «зауэшхуэ» екІуэкІыу щытащ), сэхуран жэпкъ, гуарцэ, кьарэкъуэрэ хуэдэхэращ. Нэхъ иужьыІуэкІэ фІамыщІкІэ дгъэплъ хъуащ унэхэр.

Зауэ нэужьым дыззэрыгъэгужьеяуэ къуажэдзэхэм Къызбрун бгы задэм кІэрыт жьыгхэри гъэсынпхъэ тщІауэ щытащ. Сыт тщІэнт, бгыр задэми, дыпсэун хуейтэкъэ? КІыфІэзэхэту дыкьэтэджырти (мэзэхъумэм дахуэмызэнкьэхкІэ) Іэжьэ щІыкІуклэ, шыдыгукІэ пхъашэ дыкІуэрт. Лъэсу плІэкІэ къэзыхьхэри щыІэт. Абы нэмыщІкІэ куэбжэ, набжэ пщІын хуэфІэкъэ? Арати, чыхэр зэкІуэдыпхуаеу плІэкІэ, щыдкІэ, гуэрэ къатшэрт. Уи насып кърихьэкІмэ, мэзэхъумэм ихуэзэнтэкъым, ныбдажэу махуэ псом пыбупщІа пхъэ тІэкІыр птрихьжынут. Мэзакіуэ ущыІэу уи лъакъэр псыф хъуамэ, гуэнщэрыкъыр хэтІэтІынурэ узригъэкІуэнутэкъым. Нэхъ Іеижрати, уи лъакъуэхэр щІыІэм исынут. Арат шабийр куэдкІэ щІэнэхъьфІыр, лъэгурыдзым нэхьрэ. Кьызбрун и лъапэ дыдэм къыщыкІырт, иджыри къыщокІ, кьауцым хуэдэу щабэ а удзыр, ар лъэгурыдз папщІэу къэдгъэсэбэпырт гуэншэрыкъым итлъхьэу.

Пхъэ гъэсыным нэмыщІ, мэзым кьыщыкІэм ящыщу хьэщыбанэ, къущхьэмышх, мэзыдз, зэрыджэ, мы, кхъужь цІыкІу къыздэтхьэр сэбэпышхуэ кьытхуэхъурт.

Кьызбрун бгым и гупэмкІэ иджыри щожэх «Кьардэнтхьэлэ» зыфІаща псы цІыкІу, псы еру, Бахъсэныпсым ехьэехуэу, щыуэлбанэм деж шынагъуэу кьыуэ. А фІэщыгъэр абы щІигъуэтам щхьэусыгъуэ иІэщ. Кьардэн лъэпкъым щыщ гуп нэчыхьытх кьикІыжу а псы къиуам шыгукІэ зэпрыкІыжыну хьыхьээри, псори итхьэлауэ щытат. Псыр цІыкІунитІэ щыхъуми, а фІэщыгъэ шынагъэр кьыхуэнаеу нобэр кьыздэсым кьэкІуэкІ.

Кьызбрун бгы щыгу дыдэм «КъэфапІэжькІэ» йоджэ. Жалэжу зэрызэхэхамкІэ, зэман куэдкІэ уэзІэбэкІыжмэ, а щыгум щыщыфэу щытащ. Ар ЩоджэнцІыкіу Алий и «Къамботрэ Ласэрэ» романым екІуу кьыщыгъэжащ. Іэхуитлъэхуитышхуэти, хьэгъуэлІыгъуэ зІэхэр, хабзэ яхуэхъуауэ, абы щыджэгуу, санэхуафэ щащІу, кьыщыфэу щытащ. Ди щІалэгъуэм щыгъуи, махуэшхуэ кьэхъуамэ, япэ дыдэ дыздашэу, дыздэкІуэу, нэгу зыужьыпІэу диІауэ щытар а щІыпІэ дахэращ.

«КъэфапІэжьым» ипщэрабгъукІэ иІэ гъэзгу цІыкІум утету и лъабжьэм укьыщехІэ «Гуанэжькіэ» дызэдзэ бгъэунщІагъыншуэм ухуоз. Гъэмахуэм абы и сэмэгурабгъумкІэ кьыщыкІ банэхуэхэмрэ шэгъэфІэІуэхэмрэ кьэтхьыуэрэ шхынымкІ халъхьэрт. Кьэду умыгъуэтми, щурихьэлІэнут аидгэрэ, амуи, жьэуми, хьэщыбанэ. А бгъуэнщІагъымдыщІыхьэрэ зыщыдгъэпсэхуу, зыщытедгъэууэ, дыщыджэгуу щытащ. Шынагъэ лъэпкъ хэмылъу а лъагъуэмкІэ и лъабжьэ дыдэм нэс укъехьыфырт, уи гъэзгур кІэщІ ищІу.

«КъэфапІэжьым» и лъабжьэ мэзым ухэтурэ укъыздехьым, ухуоз «ЩІакъхуэжьыр» зыкІэщІэлъ бгъэунщІагъышхуэм. Ар блын екІуэлІапІэнэшэм щхьэщытщ. Ди щІалэгъуэм, ди делэгъуэм абы еткурэ тфІэгъэщІэгъуэну дыкъехьу, абы «дыщыхьэщІэу» щытащ. А щІыпІэм ди ныбжьэгъу щІалэ кьехуэхьы иукІа иужькІэ, щыдгъэтыжат ар джэгупІэ тщІыныр. «ЩІакъхуэжьым» и пщэрабгъукІэ хуоз «Бжэн лъагъуэ» жьыхуэтІэр. А фІэщыгъэр зэрихьэ щхьэкІэ, си ныбжь илъэс 80-м кьриубыдэу абы бжэн кьехуэи дакІауи слъэгъуакъым. Ар егъэлеяуэ задэщ, зыщыдгъэщІэу защІэу. Ауэ дэ абы и задагъым зэи дыкьыззтригъэувыІэфакъым, жьыг лъабжьэжьхэр, кьуацэ-чыцэхэр, удз кІырхэр дубыдуэр дыкьехьу икІи дыдэкІыу (нэхъ гъунэгъут) щытащ.

«ВыщхьэфІэчкІэ» дызэджэр Къызбрун бгым нэхъ ипщэІуэкІэ хуоз. Зэман гъэрым пхъэ изу выгукІэ зыгъэкъехьжыну зрипщытри, выхэм я щхьэр пригъэчауэ кьаІуэтэж. Сэ сщІэращи, а бгымкІэ пхъэ кьэпшэну нэхъ гъунэгъут, мэзхъумэм нэхъ Іэщ1экІыгъуафІэти, абыкІэ языныкъуэ «ЛІыхьжьхэр» кьехьыжьрт (сэ зэи зеспщытакъым).

«ФурашкІэ натІэкІэ» зэджэр нэхъ ипщэжщ. Жьыжьэу упльэмэ, фурашкІэу уІуоплъэ. Аращ а цІэр щыфІащари.

Мы зи гугъу фхуэсщІа щІыпІэхэр псори си псэм и гъунэгъущ, си сабийгъуэм, си балигъ гъащІэм кьыгуэхьпІэ имыІэу ешха защІэжу. Сыхуейщ а щІыпІэцІэхэр щІэблэми ящІэну.

КЪАРДЭН Мухьэмэд.
Ислъэмей къуажэ

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Мариндж (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жьласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къашокьуэ Эдэд** (жэуап зыхь секретарь), **Истэман Залинэ, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, ЩэщІэныджэ Замирэ, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхэжр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узынщагъэмрэ щІыэпсыр зэхъуэнымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкІэм.

Газетыр Іэтезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъэзэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъуэмэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня**, *редактору* **Жьэкіэмыхъу Маринэ**, *корректорхэу* **Нэуэкьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариан-нэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.179 ● Заказ №858